

# Twazyèm Egzòd La

63-0630M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Tout bagay posib, kwè sèlman.

Annou bese tèt nou kounye a pou yon mo priyè. Ak tèt nou bese, m ap mande si g on rekèt espesyal ke w ta vle pote devan Bondye. Jis leve men w epi, dèyè men w, jis kenbe rekèt ou a.

2 Papa ki nan Syèl la, nou gen rekonesans pou sa, yon lòt moman pou nou rasanble ansanm, sou bò kote Etènite sa. E maten an n ap chache renouvel fòs ki vin de Oumenm, pou bannou kouraj pou vwayaj la ki devan nou. Nou rasanble tankou timoun Ebre yo byen bonè le maten, pou ranmase laman ki te founi pou yo pandan lanwit, pou soutni yo pandan jounen an. Nou rasanble pou Laman espirityèl, maten an, pou bannou fòs pou vwayaj la.

3 Anba chak men sa yo ki te leve, Ou konn tout sa yo bezwen, Seyè. E m mete priyè pa m, ak pa yo, devan W, pou W ka okipe W de chak bezwen yo genyen. Geri malad ak aflije yo, Seyè. Nou konnen W se Bondye, e W ka fè tout bagay, e Ou te pwomèt pou fè yo si nou ka jis fè jan kantik la mande nou an, *Kwè Sèlman*, e jan nou te tande pawòl gloriye sa yo, *Mache Epi Pale Ak Wa A*.

4 Kounye a, Bondye Papa, beni Pawòl Ou pandan I ap pwononse maten sa, e ke L kapab jwenn plas repo L nan kè nou, pou L ka pwodwi bagay nou mande yo, Papa. Lan Non Seyè Jezi nou mande I. Amèn.

Nou mèt chita. Mèsi, sè.

5 M kwè yo te di, "M te kontan kan yo te di m, 'An al lakay Seyè a.'"

6 Pandan m t ap kite Hot Springs, yè, Frè Moore te di, "Frè Branham," li te di, "ou, ou pap kondwi desann, Texas, avè m nan konvansyon anba la," li te di, "repoze w pandan kèk jou?"

7 M te reponn, "M gen 2 sèvis demen."

Li te di, "2 sèvis?"

M te di, "Ya."

8 Li di, "Jan w sot preche di la," li te di, "yon moun ta dwe repoze on semèn apre yo chak." Li te di, "Ou pran on pastè, li pote mesaj Dimanch maten li, ak bagay konsa," li di, "apre sa li repoze I rès semèn lan. Epi, la, sa petèt dire trant minit, oswa on bagay konsa." E li te di, "Oumenm ou te preche apeprè de ou twazè la, on sèl kou," li te di, "apre sa, jou aprè a, pafwa 2 fwa nan jounen an, epi fè yon liy priyè, ak tout disènman sa." Li te di, "Kounye a ou di ou pral lakay ou, pou w fè 2 sèvis Dimanch?"

M te di, "Wi, mesye."

Li te mande, "Kouman w fè?"

M te reponn, "Èd mwen vini de Seyè a." Ou wè?

9 Li fè ta, tankou youn...on moun te di I sa fè on ti tan, pandan I t ap priye, e m t ap antre. Li fè ta, e gen anpil bezwen, nou isit la ap eseye bay kontribisyon nou, pou ede gran moman sa nou ladann lan.

10 Bon, si Seyè a vle, aswè a, m vle pale sou sijè, "Èske vi w gen repitasyon Levanjil la?" Se sa, m vle anrejistre sa.

11 E kounye a, m pa konn si yo pral anrejistre sa maten an, ou pa. M wè kèk moun yo nan pyès la. gen yon--gen kèk zanmi yo anndan la; M kwè yo la. M te...M panse Frè Neville te ka fè sa. M te mande, Dimanch dènye, jis pou I te gen pa I...kontinye ak mesaj pa I la; e apre sa pran devan, pou kite m jis entwodwi on ti bagay apre I. Men, si yo vle anrejistre lesон lekòl di Dimanch lan, enben, sa va kòrèk.

12 E apre sa, si Seyè a vle, Dimanch pwochen, sa se, si Seyè a pèmèt li epi nou isit la, m vle pale sou sijè sa ki te sou kè m depi lontan, ke m te pwomèt M t ap preche Mesaj konsa nan tabènak la, dabò, Mesaj anrejistre sa yo. M vle akize jenerasyon sa poutèt li te krisifye Jezikri; Dimanch maten pwochen, si Seyè a vle.

13 Bon, aswè a, a setè, oswa setè edmi, sa va--sa va Mesaj "Èske vi w gen repitasyon?"

14 Bon, pafwa, lè m ap pote Mesaj sa yo konsa, m di dè bagay ki trè tranchan. E se pa vrèman egzakteman pou legliz sa isit la, ou bagay konsa. Sonje, lè m ap pale, sa ap fè letou di mond. Ou wè? E nou g on sistèm pou ap jwe bann, patou nan mond lan, e yo reprann Mesaj sa yo pou mennen nan jeng yo e toupatou. E Sentespri a pafwa pouse m di on bagay ki kapab egzakteman sa L genyen pou on moun byen lwen an Australie, kèkpa, oswa on bagay konsa. Kifè, petèt, kèk kondisyon, ou te ka di, "Ebyen, bon, kondisyon sa pa egziste isit la. Poukisa I

di sa?" Petèt se pou yon lòt kote, ou wè. Kifè, ya, mwen sèten noumenm moun yo nou konprann sa, ke Mesaj sa yo pa vize yon moun. Li jis destine pou Legliz, an antye, toupatou, kèlkeswa sa Seyè ta vle dirije nou pou di ou pou fè.

15 M te g on tan gloriye anba nan Hot Springs, nan yon reyinyon Pannkotis a lansyèn mòd. M sèten anpil lan nou satisfè ke se moun Pannkotis yo anba la, depi nou...se noumenm ki t al anba. Enben, m jis, pa konn gwoup la. M te jis sipoze al anba pandan on semèn, e m te pase de oswa twa jou. Men m vle di yon sèl bagay. Nan reyinyon sa, yo te gen lafwa sa se sèten, pou kwè. Si nenpòt lan nou te la...

16 Sa ke, m konnen, dam sa la, ki chita nan kwen an, m pa konn kimoun li ye. Oswa, drèt la, m konnen li te la. E m konnen gen kèk frè ki te la, Frè Jackson, ak yo, Frè Palmer.

17 Se sa moun yo benefisyé lè yo gen lafwa. Ou wè? Remake liy priyè sa? Pat gen youn ki te vini ou ki te ale ke Bondye pat geri. Ou wè? Ou wè? E kifè, lè w gen lafwa...

18 Epi yon lòt bagay, kapab gen kèk lan nou, ki ka pa konprann emosyon sa, ap danse, ap pouse kri. Enben, yo jis...Yo pap chache yon kategori moun. Yo jis t ap pouse kri, devan Bondye. Ou wè? Se annòd.

19 Men, m vle di, se youn nan--youn nan gwoup fanm ak aparans pi pwòp m te janm wè, cheve long sa, ak--ak moun ki te soti la nan jeng, nan bwa an deyò. Men m pa kwè m te wè yon moun otou yo ki te gen jan de aparans tèlman modèn sa, nou konn kisa m vle di, ak tout jan de makiyaj ak bagay konsa sou yo. Sa montre...M ka pa dakò avè yo nan tout sa yo fè, men m te ka dakò la sèten. Pou mwen, sa sanble a Kretyen.

20 Kifè Seyè a te kondwi m pou pale sou on sijè, yè, oswa avan yè, a midi: *Jis Yon Lòt Fwa Ankò*, Seyè. E si legliz, kèk nan yo la pat konnen, m te fè sa pou yon rezon, poutèt Seyè a te kondwi m pou m fè sa. Ti gwoup sa t ap elwaye yo pou antre nan yon bagay, e Seyè a te ede pou sa pou--pou te fè I. Konsa, se te senpleman mèveye. Se sèten mwen....

21 Ou konnen, bagay yo ap mache, si w pa g on jye espirityèl, ou pap sezi I. Ou wè? Ou dwe wè bagay sa yo davans.

22 M te antre. E Frè sa Ungren, sa fè apeprè dezyèm fwa m te janm tandé nomm lan chante. Jis pandan m t ap antre nan pyès la, li t ap chante *M Ap Mache Epi M Ap Pale Ak Wa A*. M te panse, "Èske sa pa bè!" Kouman Wa a te janm...Ou wè? Ap mache epi ap pale, sa vle di se yon fratènité tout tan. Pa jis nan legliz, men, tout kote, ap mache epi ap pale ak Wa a.

23 Epitou la, nou te gade sou mi an, te g on kat ki te kole sou yon ti foto anndan la, de on jan de sèn ke yon nomm ki rele George Todd te genyen--te pentire pou mwen. M pa konn poukisa

nomm lan te janm fè li. Petèt, petèt, li jis patap panse, e li te jis te fè table atis sa e se table yon montay, nan forè a, e--e ti kouran dlo a t ap koule desann. E lòt kote kouran dlo a, te g on bich ak yon ti fan, ak zòrèy yo kanpe, ap gade lòtbò ti kouran dlo a. M pa konn si Mesye Todd isit la. M pa konnen I. Men, m vle di sa, Seyè a te pale avè m lè m t ap gade table atis sa. E petèt li pat konnen, lè li t ap penn table sa.

24 Sonje ti istwa m lan apwopo de chevrèy ke zanmi sa ta pral tire sou li a, epi apèl li? Ebyen, li te la avèk ti banbi fan pa I la, kifè se avèk dlo lavi. Ou wè? Enspirasyon, kouman manman chevrèy sa ak ti bebe I te la! M te panse, "Wi. E lòtbò a, kote w jwenn, toupre pyebwa epinèt, m g on--on manman ak yon timoun laba, tou, ki ap tann la."

25 Mèsi, frè, Frè George Todd, si nomm sa la maten an.

26 Bon, m pral gen leson lekòl di Dimanch lan. Abityèlman m on jan long ak sa.

27 G on bagay ki kontinye ap bouje sou kè m, m pa konnen, depi yè. Kounye a nou...si Seyè a vle...se yon--se yon sijè. M ap pran laj, e mwen--mwen pa konn konbyen tan ke m rete ankò isi a. Men genyen yon gwo kesyon nan legliz, ki vire lòlòj lèzòm, ak diferant ide.

28 Jis tankou zafè manje "pòm lan." M te preche sou Mesaj sa, e m kwè, fèm, m ka pwouve I pa Lèzekriti, ke se pat pòm. Ou wè? Sa te lakoz on bann konfizyon.

29 Kifè, petèt, anvan nou pati...Nou oblige retounen kounye a, nan anviwon trant jou, nou konnen, retounen Arizona. Kifè si, anvan m kite, si Seyè a vle, m vle pran Lèzekriti. Piga nou anrejistre I. Si yo fè sa, piga nou vann bann lan. Piga nou kite I pran lari. Mwen vle eksplike vrè Verite a sou maryaj ak divòs. Se yon kesyon. E sa se dènye lè a, kote, "Tout mistè Bondye yo dwe akonpli." E yè, pandan m t ap travèse montay yo, apèn li t ap fè jou klè, Sentespri a ta sanble di m, "Anrejistre sa e mete I aklè," m pa konn poukisa, men sa se, "vrè Verite a konsènan maryaj e divòs."

30 Kèk nan yo di, "Moun yo ka marye, si yo ka jire te gen adiltè." E gen lòt ki di, "Ebyen, si y ap maltrete youn lòt , e--e yo paka viv ansanm; se mye pou viv, anpè, sou tè a, ke pou w ap viv lanfè sou tè a." E tout diferant kesyon sa yo! E genyen k marye yo jis nenpòt fason ansyen. E genyen ki vle aspèje dlo benit sou yo, epi retounen yo, pou di, "Yo pat janm marye." Epi beni yo, pou retounen yo bay legliz ankò. Gen tout sòt de konfizyon. Men, si gen tout konfizyon sa yo, dwe g on Verite kèkpa.

31 Mwen kwè, e m ap di sa ak tout respè, mwen kwè Seyè a revele m sa, e mwen...Laverite. E si sa ta rive pami legliz yo, li t ap mete bagay la an myèt moso. Sa ki, dwe fèt petèt. Men se...M ta prefere kite pastè yo, jis kite pastè legliz yo, pran bann lan. Epi kite yo jwe I, e apre

sa yo ka dirije apati de la. Men m ta renmen jis anrejistre sa, pou montre vrè Verite li. Mwen kwè se moman kote "mistè sa yo dwe akonpli," konplete. Nou te frape sou yo, jan nou te di a, atravè aj yo, bann yo, pandan nou t ap pote *Sèt So* sa yo, ak *Sèt Aj Legliz* yo.

32 E kounye a nou rive nan moman pou *Sèt Twonpèt* yo, e apre sa se va *Fleyo* yo. E petèt nou ka pran on de semèn reyinyon epi mete toulède ansanm. M ta renmen anrejistre sa.

33 Answit, apre sa, m ap eseye kounye a fè transkri l, pou mete l sou fòm liv, *Aj Legliz* yo; sèt liv aj legliz yo, sèt bann, pou fè l konsa. Nou ka rann li jis pi ba pri nou kapab, konsa tout moun ka genyen l. Apre sa, si Seyè a ta retade, epi m t ap vanse, nou pral wè bagay mwen te di lan Non Seyè a ap akonpli jis jan Sa te di a. Poko janm fayi, ankò, e kèk bagay Ladann dwe rive pi ta.

34 E m--m gen konfyans ke Seyè a va kite nou fè sa rapid vit. Nou va avize moun yo, atan, paske gen anpil ki renmen vini pou tandem bagay sa yo. E mwen--e mwen apresye sa.

35 Si pèsonn pat kwè Sa, oswa tandem Sa, ki byen sa t ap fè m, pou kanpe la, ap di kichòy konsènan Sa? Ou wè? Se tankou w voye moso pen sou dlo. Se ta tankou...Si pèsonn pat kwè Sa, alò se t ap tankou w ap jete perle ou bay kochon. Men gen dè milye fwa de milye ki kwè Sa. Ou wè? E yo akwoche yo a chak Pawòl. E nou vle fè antre, otan ke posib, kan nou--kan nou va prè pou gen sèvis sa yo, pou glwa Seyè a. E nou gen konfyans ke Bondye va bannou sa.

36 E m pa vle fè sa toutotan m pa enspire Divinman pou m fè l. Bondye g on tan pou chak bagay. Ou wè? Ou pa dwe presipite w pran devan sa. Si w rekòlte ble w anvan...Yo mete gwo fouch ladann anvan li mi, w ap pèdi pi gwo pati rekòt ble w la. Ou wè? Kifè, lè moman an rive pou anfonse gwo fouch la, Bondye va anfonse l, alò nou va al rekòlte. Men m jis...

37 Kan m va santi m pouse konsa. M kwè m va lage l, nan yon ti tan. Yè tout lajounen, m pat ka soti sa nan tèt mwen, yèswa tout lannwit. M t al nan kabann vè minwi. M te gen anviwon twazè somèy, nwit anvan an. E yèswa m patka dòmi. Toujou, On bagay t ap di, "Anrejistre sa, *Maryaj E Divòs*." Ou wè? Kifè mwen--mwen...Si Seyè a vle, si sa kontinye ap vin sou kè m epi Seyè a montre pi plis sou sa, enben, alò, m va...m--m ka anrejistre sa. Ou wè?

38 Men, sonje, se sèlman pou minis yo. Ou ka vini, pi, tandem. Men bann lan limenm, kite...Ou wè, paske li va gaye pami kongregasyon yo, e genyen yomenm se fason sa, epi kèk se lòt fason, pou fè pwòp opinyon yo. E m vle ke frè minis yo gen sa nan pwòp biwo etid yo, epi kite yo avanse apati de la, paske yo se sila yo ki responsab. Se yo menm. Se tankou w ale la pou jwe l pou jij la, kèk nan gwoup sa yo. Ya.

39 Ann tann pou wè sa Seyè a di konsènan *Maryaj E Divòs* sa. Se pi sakre ke moun yo panse. E li va an amoni drèt avèk *Semans Sèpan An*. Jis menm bagay la, jis kontinye ap avanse, sa se mistè yo. Sonje, “Nan jou setyèm anj lan, tout mistè Bondye yo va akonpli,” bagay enkoni sa yo ke Seyè a va ramase. Bon, jiska prezan...

40 Bon pa blyie, setè edmi se lè sa nou kòmanse reyinyon nou? [Frè Neville di, “Wi.”—Editè a.] Bon, Frè Neville, si w g on mesaj pou aswè a, preche l. Ou wè? [“Non, mesye.”] Sa pap pran mwen plis ke inèdtan oswa karann senk minit, epi m ap anrejistre rès la.

41 M ta renmen tande Frè Neville. M renmen li. Li se frè m. E mwen--mwen panse li s on oratè mèveye, yon minis mèveye. E mwen...Yon bagay konsènan Frè Neville, ke m renmen, kan l di on bagay, li viv sa l ap pale de li a. Bon, sa--sa se bagay prensipal la.

42 Ou konnen, ou ka viv on predikasyon pou on zanmi pi byen ke w taka preche l youn. “Paske oumenm ou se lèt ki ekri, ke tout moun ka li.” Kounye a, annou, anvan nou...

43 Nou ka vire paj yo tounen, men Bondye dwe louvri lesyon lekòl di Dimanch sa, kifè annou jis mande L pou l fè sa.

44 Papa nan Syèl la, nou--nou ap gade pa lafwa nan direksyon lavni. M ap gade kounye a, pa lafwa, nan direksyon on bagay k ap vini sou tè a, Seyè, ki pral atire pèp Ou ansanm. Kan nou wè legliz denominasyon yo tèlman rijid, e tèlman endiferan, sa vrèman ap pouse moun yo soti; jis tankou sa te ye an Ejip, yon farawon ki t ap monte, ki pat konn Joseph.

45 Tankou sa te ye an Almay, epi an...anwo a nan Larisi, ak Itali, moun yo te plase dè Joseph, Hitler, ak Stalin, Mussolini, ki te rayi Jwif yo. Yo te oblige retounen nan peyi natal yo. Bondye, Ou gen fason pou fè bagay yo, ke nou pa konprann. E Ou fòse yo. Yo pat gen kay an Almay; yo te depouye yo de tout bagay. An Itali, tou, nan Larisi, yo pat gen kote pou ale. E yo te voye yo tounen nan peyi natal yo, jis pou akonpli Pawòl la.

46 O, men damou Bondye! Pafwa, kouman, sa sanble kriyèl, jan moun sa yo t ap soufri, men, malgretou, se men tand Jewova, k ap gide ti pitit Li. Nou remèsyé W, Seyè.

47 Kounye a m priye, Bondye, pandan m ap wè jou kote denominasyon ap met presyon sou kwayan yo, ap ekskominye yo, ap di, ke, “Non yo dwe anrejistre nan liv pa yo, oswa yo pèdi. Yo pa dwe annafè ditou ak lòt gwoup.” Se sèlman men tand Jewova, ki ap kondwi yo al jwenn Ab de Vi a. M priye, Bondye, pou yo chak, m konnen yo va rive, paske Se Pawòl Ou, e Sa paka fayi. Ke yo kapab kondwi nou al jwenn Ab de Vi a, pou nou ka posede Lavi Etènèl, epi wè men Bondye, epi noumenm, avèk jye lafwa, ka gade pi lwen lonbraj sa yo ke n ap mache ladan yo jodi a, pou wè Tè pwomiz lan etale jis devan la.

48 Beni Pawòl Ou, maten an, Seyè, ti Ekriti ak nòt sa yo ke m te ekri la. Ke Sentespri a vini kounye a, pandan m ap konsakre m mwenmenm, sikonsizyon lang ak panse, ak espri. E legliz la ki konsakre zòrèy konpreyansyon yo, kè yo, ak nou tout, ansanm, pou W kapab pale avè nou atravè Pawòl Ou, paske Pawòl Ou se Verite. Lan Non Pawòl la, Jezikri, nou mande l. Amèn.

49 Kounye a, tounen nan Bib nou, nan Liv Egzòd. Bon m vle li on pòsyon Ekriti apati de Egzòd, chapit 3, depi vèsè 1 a 12. Jis koute, koute byen, pandan n ap li. Egzòd chapit 3, 1 a 12.

*Moyiz t ap gade mouton ak kabrit Jetwo, bòpè li, ki te yon prèt nan peyi Madyan. Moyiz mennen bêt yo lòtbò dezè a. Li rive sou mòn Orèb, mòn Bondye a.*

*Zanj Seyè a parèt devan l sou fòm yon flanm dife nan mitan yon ti touf bwa. Moyiz gade, li wè touf bwa a te tou wouj ak dife, men li pa t ap boule.*

*Lè sa a, Moyiz di nan kè l: Kite m pwoche pi pre pou m wè bagay dwòl sa a. Kouman touf bwa a fè pa boule?*

*Lè Seyè a wè Moyiz t ap pwoche pou l gade,...*

50 M vle mete aksan sou sa!

*Lè Seyè a wè Moyiz t ap pwoche pou l gade, li rete nan mitan touf bwa a, li rele l, li di: Moyiz! Moyiz! Moyiz reponn: Men mwen wi.*

*Bondye di: Rete kote ou ye a. Pa pwoche. Wete sapat nan pye ou, paske kote ou kanpe a se yon tè ki apa pou mwen.*

*Bondye di ankò: Se mwen menm Bondye zansèt ou yo, Bondye Abraham lan, Bondye Izarak la ak Bondye Jakòb la. Moyiz bouche figi l, paske li te pè gade Bondye.*

*Seyè a di: Mwen wè tray pèp mwen an ap pase nan peyi Lejip Mwen tande jan y ap rele anba men moun k ap peze yo. Wi, mwen konnen jan y ap soufri. mwen desann pou m vin delivre yo anba men moun peyi Lejip yo, pou m fè yo soti nan peyi Lejip la, pou m mennen yo nan yon gwo peyi ki gen bon tè, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Se la moun Kanaran yo rete ansanm ak moun,...Etyen yo,...Hevyen yo,...Jebisyen yo.*

*Bondye di ankò: Kounye a menm, rèl pitit Izrayèl yo rive jouk nan zòrèy mwen. Mwen wè jan y ap soufri anba moun peyi Lejip yo k ap peze yo.*

*Kounye a, ale! Se mwen menm k ap voye ou bò kote farawon an,...*

51 Nou fè remak la? "Mwen te desann." Men, "M ap voye w." Bondye, ki prale sou fòm yon nonm. "Ale." Kite m li vèsè 10 la ankò.

*Kounye a, ale! Se mwen menm k ap voye ou bò kote farawon an. Fè pèp mwen an soti nan peyi Lejip. Wi, fè pèp Izrayèl la soti kite peyi sa a.*

*Moyiz di Bondye: Kimoun mwen ye menm pou m ta penmèt mwen ale bò kote farawon an pou m fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip?*

*Bondye di I: M ap kanpe la avè ou. Lèfini, pou fè konnen se mwen menm ki voye ou, men sa w a fè: lè w a fin...*

52 Eksize mwen.

*...Lè w a fin fè pèp la soti kite peyi Lejip, n a sèvi m sou mòn sa a.*

53 San m pat remake, anvan, men poutèt m santi m vrèman enspire anpil anpil pa Sentespri maten an, m te sezi sa jis nan moman sa. Bondye, ki ap voye sèvitè Li tounen kote li te kouri kite a, Li te ba li siy montay sa. M pat janm remake I jiska kounye a. "Sa va sèvi w on siy Etènèl." Ou wè?

54 Bon nou pral pale, maten an, sou sijè dezyèm egzòd pèp Bondye a, oswa apèl pou soti pèp Bondye a. Egzòd vle di "fè soti; rele soti; pran mennen lwen." E m vle itilize sa pou sijè, dezyèm egzòd pèp Bondye a. [Nan lòt sèvis pita nan aswè, Frè Branham te rele tit la, Twazyèm Egzòd—Editè a.]

55 Bon, yo te gen plizyè egzòd, natirèlman, men m ap pale de moman kote Bondye te pwoklame yon egzòd, yon separasyon de kote yo te ye, rive a kounye a. La, Bondye t ap prepare L pou akonpli Pawòl Diven ki te pwomèt ke L te bay Abraham, ak Izarak, ak Jakòb. Dèzane, dè santèn dane te pase, men, kanmenm, Bondye pat janm bliye pwomès Li. Nan sezon an, nan bon moman an, Bondye toujou byen akonpli pwomès Li.

56 Kidonk, nou ka repoze nou ak asirans ke sa Bondye pwomèt nan Bib sa, L ap fè I. Pa gen okenn nesesite pou ap eseye panse yon lòt bagay, pou di, "Ebyen, pwofèt la te, petèt, fè erè," oswa, "sa paka rive nan jou sa." Sa te sanble prèske enposib lè sa, plis enposib ke kounye a. Men Bondye te fè I, kanmenm, paske Li te pwomèt Li t ap fè I.

57 E gade kijan L te fè I byen senp. "M te desann. M te tande kri yo. M sonje pwomès Mwen. E m te desann pou fè I, e m ap voye w. Ou va fè I. M va avèk ou. Sèten, M va avèk ou. Prezans Mwen ki pa janm--pa janm fayi a va avèk ou. kèlkeswa kote w prale. Piga w pè." Ou wè? "M

desann pou delivre." M sèten panse espirityèl ap sezi sa. Ou wè? Ou wè? "M--m--m ap voye w, pou pote yon egzòd pou pèp Mwen an. Rele yo soti, e M va avèk ou."

58 Bon, se pa tikras--se pa tikras repoze nou ka repoze nou, se pa tikras sezi lafwa ka sezi sa ki akwoche la. Ou wè? Bondye ap fè I. Li te pwomèt sa. Pe enpòt kouman, kisa sikontans yo ye, oswa sa nenpòt lòt moun ap di, Bondye ap fè I, kanmenm, paske Li te pwomèt li. E li fè I si tèlman senp, ke, sa--sa chape konpreyansyon espri sa ki kiltive ki ta eseye rezone avè I, "Kijan sa ka fèt?"

59 M pa vle di kounye a ke yon nonm, avèk yon bon espri solid, byen edike, ke nonm sa pap konprann Sa. Se kòrèk, se mèveye, osi lontan li pa itilize sa pou rezone, men edikasyon sa li genyen an, pou kwè Bondye. Ke sa transfòme an senplisite pou ap tande sa Bondye di, epi kwè L. Alò edikasyon I lan va ede I.

60 Remake. Men kan nonm lan ap eseye rezone, "Sa paka fèt," alò, sa elwaye I de Bondye, tout tan, kontinyèlman, lè I ap eseye tande sa--sa, pwòp konpreyansyon I. Ou wè? Si w pa konprann, epi Bib la di on bagay, jis apiye Sa, "Amèn." Jis kite sa ale konsa.

61 Bon, olye pou ap refere a Ekriti sa yo, ou ka pran nòt ekri yo, nan lesон lekòl di Dimanch sa. Men m te ka, petèt, si nou ta vle gade I. Men, dabò, m tèlman genyen la. Annou...

62 Anvan nou jwenn kisa egzòd sa vle di, e m pral konpare egzòd sa kounye a...egzòd lè sa, ak egzòd kounye a, epi obsève si sa pa dewoule egzakteman an paralèl. Youn lan yo natirèl. E menm bagay la ke L te fè nan natirèl la, Li te tipifye I ankò, li te fè antitip la nan espirityèl la, yon egzòd espirityèl.

63 Se mèveye, pou wè Pawòl Bondye a! Kouman on moun ka fè di Sa pa enspire? Sa te konsène bagay depi de mil uisanzan pase, ou konnen. E jan Li te pwomèt, ak sa L te fè epi etabli I la kòm egzanp, kouman Li--Li--Li itilize lonbraj on bagay pou rann temwayaj de pati positif la--la. M ap rive sou sa, aswè a, konparezon ant lalin e solèy la, si Seyè a vle.

64 Men, dabò, nou dwe revize Liv Jenèz la pou wè poukisa yo te desann nan peyi Lejip. Poukisa pèp Bondye a ta dwe soti kite peyi sa? Men apretou, Bondye te pwomèt sa, drèt la depi nan kòmansman, ak Abraham, Izarak ak Jakòb, an Palestin, Bondye te ba yo peyi sa, e L te di, "Se fini." O, alò, poukisa pèp Bondye a te oblige pa nan plas kote Bondye te prepare pou yo?

65 Sa se kesyon pou jodi a, tou. Bondye te bannou yon Pannkot. Li te bannou yon Liv Ak dè zapot. Li te bannou Sentespri a, pou kondwi nou ak gide nou. Li te bannou on Peyi. Poukisa nou retwouve nou andeyò Li? Poukisa legliz retwouve I andeyò li? Poukisa gwo legliz Kretyèn

Ian jodi a pa ap viv ankò tankou Liv Ak dè zapot la, pou ap pwodwi menm bagay la? Gen kèk rezon pou sa.

66 Nou tout konnen ke nou echwe, e nou lan yon kondisyon tèrib. E kondisyon ki pi tèrib ke--ke Kretyente pat janm viv, se jodi a. E nou nan yon...drèt sou chabon oswa sou pwen yon gwo, gwo tonton jijman ki blayi la pou legliz. E anvan ke jijman sa ka rive, Bondye ap rele yon egzòd, jis tankou Li te fè lè sa. Peche Amoreyen yo t ap anpile monte, kifè Li--L ap rele yon--yon egzòd espirityèl. Bon annou retounen jis on moman. sou fòm tip, pou wè.

67 Yo te desann an Ejip, tou sa poutèt jalouzi yon frè yo. Se pou rezon sa ke Izrayèl te an Ejip nan moman sa, andeyò peyi a. Pa blyie, pwomès Bondye yo se te sèlman osi lontan ke yo te rete nan peyi sa.

68 Bon èske w ka wè de kisa nou t ap pale nan priyè a, sa fè yon ti moman? Poukisa Bondye te oblige rann kè Farawon di? Pou mennen pèp la tounen nan latè pwomiz, anvan L te ka beni yo, pou pote Mesi a ba yo.

69 Jan L te oblige rann kè Hitler di, pou I te kont Jwif yo, alòske li menm li te Jwif, a mwatye? Kouman L te ka fè sa avèk Stalin, Mussolini? Moun ki pat enspire, tankou yon nasyon, yo--yo...Bondye oblige pran bagay yo te repoze sou yo pou viv, lwa peyi yo, anpil fwa, pou akonpli pwomès Li yo pou rann yo vrè. Kifè, Li te oblige rann kè diktatè sa yo di, pou mennen Jwif yo retounen nan latè pwomiz. Sa te oblige konsa.

70 Kounye a, nou jwenn, ke, lè yo te desann Ian, Joseph...Nou konn istwa a, pandan n ap retounen nan Liv Jenèz, e nou ka jis li I. Paske, m jis on tijan an reta pou kòmanse lesон lekòl di Dimanch byen long sa, e m ap eseye depeche m.

71 Remake kounye a. Li istwa Jozèf la lè w kapab, li te dènye ki te fèt nan frè I 'yo, anvan dènye a. Lespri espirityèl la ap konprann sa touswit. Li pa t dènye pitit la; se Benjamen ki te dènye. Men, nan èkskominikasyon an, siveye sa. Jozèf ak Benjamen te frè de san tout bon, epi se te sèlman yo de a ki te bon jan frè. Benjamen pa t janm te rekonèt jiskaske I te rankontre Jozèf. Epi Benjamen te gen doub pòsyon de tout sa Jozèf te bay, ke tout rès nan yo a. nou Dakò. Remake kounye a, nou wè ke anba a la a, yo te ...

72 Frè I yo te retire I sou yo paske I te espirityèl. Li te yon nomm remakab, kwake I te pi enb nan gwoup la, pi chetif nan gwoup la. "Epi yo te rayi I san kòz." Yo pa t dwe rayi I. Yo te dwe respektel. Ki rezon k te fè yo te rayi I la? Paske I te yon frè? Pa egzakteman sa. Yo te rayi I paske Bondye te aji avè I plis pase jan L te fè ak rès yo a. Ou wè? Li te ba I yon—yon—konpreyansyon espirityèl. Li te kab entèprete rèv, pafètman. Apre sa, li te kab predi bagay sa yo ki ta rive, pafètman, jis egzakteman jan yo te dwe rive a. E li—pa t kite yo met pye sou li.

73 Li te wè — nan rèv jèb sa yo ki t ap koube devan pa l la, epi frè l yo vin fache sou li. Yo te di, "M devine, lè sa a, oumenm moun ki sen kap woule yo " nan yon lòt mo, "nou pral oblige tonbe ajenou devan w yon jou?" Men, se sa menm ki te rive. Ou wè? Ki jan gwo towo jeyan sa yo ta janm bese devan ti kanmarad ensiyifyan sa a ki te kanpe la a? Men yo te fè l, yo te fè l sèten, epi yo te siplie pou gen mizerikòd. Men, li pa t ko vin an pwisans, ankò, ou wè. Li te sèlman jis sou fòm yon timoun nan moman sa a.

74 Epi lè sa a nou jwenn, lè l fè sa a, ke Jozèf te retranche pami frè l yo, denominasyon yo, epi yo te mete l aleka. Ou wè? Frè l yo, nan tout peyi a. Answit, yon bagay si tèlman ekstraòdinè te rive. Nou reyalize ke pèp Izrayèl la ... osi lontan ke yo te rete nan teritwa yo, ebyen yo te prezève. Koulye a, sa a, s on bon bagay, pou rete nan plas la. Posisyònman, se kòrèk. Men, yo te debarase yo de Lespri Bondye a.

75 Fondamantalis yo, jodi a, konn pozisyon yo, pa yon konsepsyon entelektyèl de Bib la, men yo pa gen Lespri Bondye. Yo te rejte Jozèf, mete l deyò. Yo pa t vle gen anyen pou wè ak sa. "S on bann sen k ap woule. Se yon ... Nou pa gen anyen pou wè ak sa. " Yo te eskominye l, te vann li, bay mond lan. Yo te abandonen kominyon yo.

76 Kidonk, lè yo fè sa, yo te retire yo nan plas yo, yo te mennen yo desann nan peyi Lejip, kèk tan apre.

77 Kounye a, istwa frè jalou sa yo se sètènman yon pakèt konparezon ak kote espirityèl li jodi a. Nou-nou tout nou okouran de sa, se jalouzi tou pi, non pa pi. Li se vye, sal, jalouzi ki gen move sant. Ou wè? Se pa anyen lòt ke jalouzi sal. Gade? Lè ke, yo wè menm Bib la, ak nati menm Bondye ki te ekri Bib la, konfime tèt li, epi tounen do ba li san okenn rezon. Pi ... ebyen, pa pi. Kòm mwen te di a, se jalouzi sal. W ap Gade Bondye k ap geri malad yo, resiste moun ki mouri yo, menm Bondye ki te viv nan epòk apot yo! Menm Levanjil ke yo te ekri, pou pakou espirityèl sa a, se menm Bondye a ki fè menm bagay la. Konsa se pa anyen lòt ke jalouzi, ki te èkskominye yo, "Epi nou pa pral gen sa nan mitan pèp nou an." Ou wè? Kouri dèyè yo!

78 Frè yo, yo te panse yo pa t ap janm sèvi ak yon nonm konsa, alòs: Poukisa nou pa sèlman debarase n de li?

79 Se sa, se menm bagay la ki rive jodi a. Yo panse ke, "Paske legliz nou yo te vin entelektyèl, ke nou te gwoup moun ki pi byen abiye yo, pi gwo òganizasyon an, minis ki pi entelijan yo, ke nou pa bezwen itilize Sentespri a nan fason ke yo te konn fè l nan tan pase yo. " Ke, yo ranpli. Nan yon lòt mo, aksyon yo pale pi fò pase mo yo: Ke seminè yo, epi yo ... sèvo ki nan yo a-, epi rasanble ansanm pou diskite bagay sa yo, yo gen plis kapasite, ak pwòp lespri entelektyèl yo, pou yo met yon Legliz nan lòd, miyò pase sa Sentespri a te kab fè l. Konsa, yo pa bezwen

L ankò. "S on bagay ke n pa bezwen jodi a. Ke? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] "Nou pa bezwen Sentespri a pou geri malad yo. Nou te gen doktè. Nou pa bezwen Sentespri a pou pale nan lòt lang. Nou tout se moun entèlijan. " Men, lè w fè sa, ou retire, de pwòp estrikti w la, kòdon lavi a.

80 Jezi te di jwif yo nan epòk Li a: Eske w pa t li sa: Wòch yo te voye jete a, se pyè angilè ke tout biling lan repoze sou li a?

81 Koulye a, nou wè sa m vle di? M sèten ke w-ou ka konprann sa. Sèke, rezon an kounye a, se paske yo te panse ke yo pa ta janm gen bezwen I. "Nou pa bezwen moun kap pale an lang. Nou pa bezwen entèprtèt lang yo. Nou pa bezwen pwofèt Ansyen Testaman yo pou mete nou nan lòd, pa Sentespri a. Nou konprann sa. " Ou wè? Yo te adopte yon sistèm ki fèt ak men lòm pou pran plas Sentespri a.

82 Se poutèt sa, gen moun ki eli, ki gen non yo nan Liv lavi Ayo a, yo pa ka aksepte sa. Yo gen panse espirityèl, Se poutèt sa yo pa ka aksepte sa konsa. Yo pa ka sipòte sa, pe enpòt si papa yo ak manman yo te viv nan kèlkeswa legliz òganizasyonè la.

83 Lè yon legliz fè I, èske ... petèt li pa ta p di sa byen fò. Oh, non. Yo pa pral di I byen fò, men aksyon yo pwouve I. Men Pawòl la. Epi Sentespri a pwouve I pami moun sa yo, lè I ka fè yo rasanble ansanb, ke I toujou geri malad yo, epi resisite mò, epi pale nan lòt lang, e chase move lespri yo. Konsa, sa depan de ... sa k andedan yon moun.

84 Tankou Madan Arganbright ki la a, M t ap panse a sa ke, lòt jou, li te deyò a sou twotwa a, ap rache kèk zèb, lè li t ap koupe gazon an. M te pase bò la a, tou pre bò kote I la. Li pa t rekonèt mwen, epi m jis kite I kontinye. M tap obsève. Koulye a, remake Sentespri a nan gran zèv li.

85 Legliz la santi ke I pa bezwen Sentespri a. Legliz yo ap di w sa. Epi nonm lan ka kanpe epi ba w yon kèlkonk diskou entelektyèl, li ka prèske fè w kwè li. Koulye a, ann f on kanpe la a, yon minit. Èske Jezi pa t 'di ke tou lè de ta dwe tèlman pròch ansanm, "Li ta sedwi menm eli yo si I te posib"? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Diskou entelektyèl yo ta tèlman swa, li ta sedwi moun yo. Se levanjil, se moun ki ka manipile pawòl sa a de tèl sòt ke, ke I te kab prèske fè nenpòt ki moun entelektyèl, si w ap jis kwè nan entelektyèl yo a, yo - yo ta kondane Sentespri a, epi - epi pran pati pou nonm nan. Nou wè sa.

86 Kounye a, se menm bagay la yo te panse de Jozèf, e yo te debarase yo de li. Epi, oh, anba a nan peyi Lejip, oh, ki jan nou ka panse, ki jan m ta ka pase dè zè. Ou ta ka rete isit la diran twa lane epi m pa janm kite sijè sa a, lajounen kou lannwit, epi ou toujou ap jwenn bon kalite

boul lò Sentespri a. Lespri espirityèl la ka gade anba nan peyi Lejip epi wè ke pèsekisyon k ap vini; ka wè ke yo anlve Jozèf, pou ke pèsekisyon an ka rive. E apre sa wè Bondye, ak wou I nan mitan wou yo, tout bagay ap deplase ansanb jis pafètman. Gade Potifa ki rejte Jozèf; wè manti ki te fèt. Epi alòs Jozèf nan prizon an, epi bab li grandi, ekskominye nan men frè I yo. Men, lè sa a, nan yon bat je, Bondye te vin sou sèn lan. Ou wè?

87 Kouman nou ka wè ke wou nan mitan wou yo, ap deplase! plan gworye Bondye a ap deplase tout bagay jiska egzòd sa a, nan moman sa a lè Li ta rele pèp li a pou tounen nan peyi a ankò, tounen nan plas la, nan pozisyon kote L te kab beni yo epi mete nan mitan yo sila a ke L te pwomèt ke L ta mete nan mitan yo a. Yo te dwe nan peyi yo. Sonje byen, yo te oblige soti nan peyi kote yo te ye a, epi antre nan peyi pwomès la, anvan menm ke Mesi ki te pwomèt la te vini.

88 Epi Legliz la dwe fè menm bagay la; soti nan gwoup sila k ap rejte yo, travèse nan pwomès la, anvan ke Mesi a te janm ka manifeste devan yo. Ou wè li? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Lavi Mesi a te manifeste, li te prepare yon Legliz, yon Epouz.

89 Yon famm marye ak yon gason, epi li an dezakò ak mari I, sa pral yon jan yon-yon bann pawòl anpil, tout tan. Men, lè yon nonm ak madanm li, mennaj li, madan marye I, lè yo an pafèt amoni, tankou yon sèl nanm ak yon sèl panse, paske yo pral vin yon sèl kò.

90 Alòs, lè Legliz la ka rive nan yon tèl amoni ak Bondye, jiskaske manifestasyon Epou a te manifeste nan Epouz la, paske yo pral vin f on sèl! Oh, ala yon lesion ekstraòdinè. Trè byen.

91 Koulye a, sonje, panse espirityèl ki rive sezi sa, ka wè tip la ak antitip la, epi konprann li. Pou youn, senpleman, nou ta ka pase dèzè sou sa. obsève kisa k pase.

92 Alòs, poukisa nou te tann tout ane sa yo, depi ti akalmi tan sa a? Ou konnen, ke Bib la di, ke, "legliz la te kouri al nan dezè a, kote li te nouri pandan yon tan e dè tan." Epi poukisa tout bagay sa yo te rive? Pou ke nou ... Wè? Se toujou wou Bondye a nan mitan wou yo.

93 Poukisa Bondye pa t fè sa depi lontan, lè lè zòm ak famm yo te chita ak kreyon yo, epi yo t ap eseye etire tan an? Tankou Jij Rutherford ak anpil nan yo, ke, "Jezi vini nan lan 14." Epi-Manman Shipton te genyen I ankò pi lwen dèyè sa, elatriye, tout tan sa yo. Epi, ou wè, lè yo ale pasi pala, pa sa ke yo t ap eseye detèmine ekriti a, ou wè, yo depafini I. Li kache. Li kache anreyalite. Epi ki jan ekriti a ta ka ale kont li menm, lè Jezi te di, "Okenn moun pa konn ni minit la oswa lè a"? Ou wè? Ou wè? Yo jis gen yon bout nan ekriti a epi yo akwoche yo a li.

94 Ou dwe pran bagay la annantye. Lè sa a, si Bondye ladann, alòs, Bondye pral manifeste sa kòm etan Laverite. Tankou gerizon divin, si se pa Laverite, alòs se pa Laverite; Bondye

pap gen anyen pou wè ak li. Men, si L deklare sa kòm etan Laverite, kidonk se Laverite. Jis menm jan ak Jezi ...

95 Bondye te di, "Si gen youn nan nou, ki se yon pwofèt oswa espirityèl, m ap pale avè l. Epi si sa ke l di a rive, alòs tande l. Se sa l ye. Men, si pwofesi l la fo, lè sa a ... "Bondye pa ka twonpe L. Li enfini, enfayib, pwisan, epi li pa ka fè sa ki mal. Konsa, si nonm lan ap pale, alòs, sa devwale nonm lan. Si l te pwononse pwòp pawòl li, li pral echwe. Men, si l pwononse Pawòl Bondye a, li pa ka fayi, paske se Bondye k ap pale. Kidonk, enspirasyon l vin de Bondye, epi li pral ... li jis dwe kòrèk. Se fason Bondye te di pou di l. Se fason sa a Bi- ...

96 Nan Ansyen Testaman an, Li te di, "Si yo pa pale dapre lalwa ak pwofèt yo, se paske yo pa gen lavi nan yo, pa gen limyè nan yo." Dakò. Yo dwe pale daprè lalwa ak pwofèt yo. Epi yon pwofesi, oswa nenpòt lòt bagay la, dwe selon Pawòl la. Si se pa sa, li fo. Ou wè?

97 Koulye a, nou jwenn ke tout bagay sa yo te rive, paske, yo te tann. Revèy sa yo: Metodis yo, Literyen yo, Batis yo, kanbelit yo, ak-ak tout diferan lòt yo. Yo te gen de gran revèy. Nazareyen an, pèleren sentete a, pantkotist yo, tout te gen gran revèy. Men, gran egzòd la te gen pou vini. Poukisa? Bondye te di Abraram ke l ta kenbe l han peyi a nan moman sa a, men inikite moun Amoreyen yo po t ko plen ra bòl. E Bondye te tann, ak pasyans. Moun sa yo, ap eseeye konprann, yo ka wè ekriti a ap dirije dwat sou yon bagay. Yo pral dwat sou yon bagay, yo te di, "Sa a se jou a. Sa a se moman an." Men, ou pa konprann ke inikite Amoreyen yo po t ko plen ra bòl.

98 Katsan zan, yo te vwayaje desann nan peyi Lejip, epi te fè yo soti. Men, yo te anreyalite rete kat san karant ane, paske yo te rejte pwofèt la. Yo te gen pou yo soufri yon lòt, karantan anviwon nan dezè a, anvan ke Bondye te fè yo soti. Moyiz te nan dezè a pandan karantan anvan li te jam tounen vin delivre yo, ou wè. Karant lane te pase nan lè siplemantè, perime, paske yo ke yo te rejte mesaj la.

99 Kounye a, karantan nan tan Bondye a ta dwe apeprè yon minit edmi, nan tan nou an. Sa se nan pwen sa a li diferan. "Mil ane se sèlman yon sèl jou." Ou wè? Li pa tap menm yon minit, apènn. Remake sa, byen.

100 Koulye a, nou kòmanse an reta. Poukisa? Bondye te pran pasyans, tap tann, t ap obsèv. kite-Literyen pati an revèy, apre sa, yo òganize. Kite Metodis yo pati an revèy; yo òganize. Kite John Smith, legliz Batis la, kòmanse ak yon gwo revèy; yo òganize. kite pantkotist yo pati ak restorasyon don yo; yo òganize. Jiskaske inikite a vin plen, lè sa a Bondye gen ase, epi yon egzòd rive.

101 E nou wè I, ke pèp la yo menm ka wè nan remonte kouran tan an, ke bagay la madichonnen. Yo pran pòsyon pa yo ak abiman rafine Babilonyen yo, ankò. Epi se bagay sa a ki pote madichon pamí pèp la, lè lòm ap eseye enjekte pwòp lide I apwopo de bagay sa yo.

102 Nou te dwe rete ak Pawòl sa a. Sèke kòmandman Bondye yo, se te, "Pa manyen anyen nan vil sa a, vil madichon sa a. Pa manyen I. lese I frankil. "

103 Akan te panse ke I te kab pran pòsyon lò sa a epi mennen yon bèl vi tankou rès mond lan, ak abiman rafine Babilonyen yo. Oh, a noumenm Achans yo ki nan kan yo! Ou wè? Men bagay la madichonnen, epi li toujou ap madichonnen. Li te madichonnen depi Konsèy Nise a menm, nan Nise, lavil Wòm, li te madichonnen depi tout tan sa a. Men, Bondye kite mechanste yo anpile jouk lè moun Amoreyen yo te sou pwen akonpli.

104 Epi kounyeya nenpòt ki moun ki gen konpreyansyon espirityèl, raple w, m kontinye site, konpreyansyon espirityèl, ou ka wè ke inikite nasyon sa a ranpli. Li te òganize e reòganize, epi òganize e òganize. Epi, koulye a li te konfedere, e mele I ak yon lòt bagay. Inikite a plen ra bòl. Li lè pou yon egzòd, li lè pou gen yon apèl pou ale, nan peyi ki te pwomèt la. Pa pwomès pou ale jis nan yon lòt peyi; men yon domenn, Milenyòm nan, tan pou yon apèl pou soti. Inikite nasyon sa a ( m ap frape sou li ankò aswè a, si Seyè a vle) te ranpli ra bòl. Li sal.

105 Ou di: Frè Branham, nasyon w ap viv ladann lan. Wi mesye. Sètènman. Ou di, "Kòm yon sitwayen ameriken, ou pa ta dwe di sa." Ebyen, Eli pa ta dwe te atire yon madichon sou pèp Izrayèl la, limenm antan ke yon Izrayelit lè sa a. Tout lòt pwofèt yo pa ta dwe janm madichonnen nasyon sa a ke yo te fè pati a antan ke Izrayelit.

106 Men, yo te sèlman pale, pa de pwòp panse yo, men Pawòl Seyè a. Ou wè? Li depann de ki kote w ap tire enspirasyon w lan. Li depann de kijan I ap vini an. Si I kontré ak Pawòl la, lese I frankil. Epi m mande nenpòt moun pou pwouve ke sa a se kontré ak Pawòl la.

107 Èske Bib la pa t di, nan Apokalyps 13? Se la a ke nasyon sa a parèt. Nasyon sa a te pote chif trèz, yon nasyon fanm. Li se yon fanm, nan Bib la. Fanm sou pyès monnen nou an. Se yon nasyon fanm. Se la a ke pouriti fanm yo kòmanse, kòmanse, kote li fini an. Pouriti a te kòmanse nan jaden Edenn lan, nan doute Pawòl Bondye a. Men kote li vinn a fanm predikatè ak tout lòt bagay. Salte mond lan vini dirèk de Hollywood, nasyon ki pi terib nan mond lan; pi plis divòs, ke rès mond lan mete ansanm. Ou wè? Poukisa? Ou pral konprann youn nan jou sa yo, si Seyè a vle. Ou pral wè poukisa, bagay madichon sa a. Ou ka wè avègleman nan bagay sa yo divòs ke Satan te frape moun yo ak avègleman. Nou nan yon lè ki terib. Fen nou an prèske rive kounye a, m kwè. Yo pouri, pouri nan nannan an.

108 Li parèt nan Apokalips 13, chif trèz. Epi sonje, li te parèt tankou yon Ayo, libète reliyon. Men aprè sa li te resevwa pouvwa nan men bêt la; yon imaj tankou li. Li pale ak tout otorite, li fè menm bagay pouri sa yo ke bêt la te fè anvan I. Alòs di m ke sa pa t pwofetize sou nasyon sa a? Kondisyon Amoreyen an jis sou pwen rive a matirite paske sa te deja ap travay nan li.

109 E menm nouvo Pap nou an, objektif prensipal li se ini frè yo ansanm. Epi, nan je natirèl la, se bagay ki pou fèt la. Men, nan je Bondye, li kontrè a Sentespri a. Nou pa ka melanje ak sa. Epi yo pral rele chak legliz nan federasyon sa a. Soti nan bagay sa a, osi rapid ke w kapab. Ou pral pran mak la bêt la, san w pa konn ki sa w ap fè a. Soti nan li.

110 Mwen espere ke lespri espirityèl la ka sezi sa. M sèten ke w kapab fè sa. Men, m ap mande m, pou deyò a. Antouka, ou pa ka vizite chak nasyon. Ou ka voye kasèt ba li. Bondye ap gen kèk fason pou atrape lespri sa a deyè a kote semans lan simen. Dakò. Epi osito ke limyè a frape I [Frè Branham bat men I 'yon fwa-Ed.], Li pati, li pran lavi. Tankou ti fanm lan nan pwi a, li te di, "Men Li." Li te konprann li.

111 retire kòw nan bagay sa. Li te madichonnen. "li te Madichonnen?" Di m 'ki kote youn te janm tonbe epi leve ankò. Di m youn ki te jamn janm leve epi ki pa t tonbe. kidonk, ou ka wè ke bagay sa a fo. Se vre.

112 Inikite Amoreyen yo, pot ko rive nan bout li ankò, se konsa yo te oblige rete tann epi pasyante anvan egzòd la. Men, lè inikite Amoreyen yo te ranpli ra bòl, lè sa a yon egzòd espirityèl, oswa egzòd natirèl te rive, pou mennen pèp la nan yon peyi natirèl, kote yon Amoreyen natirèl te abite yon fwa, e te rele I peyi yo.

113 Epi inikite denominasyon Amorereyen an te rele tèt yo "Legliz la," depi si lontan, jiskaske inikite yo te sou pwen akonpli.

114 G on egzòd k ap vini, kote Bondye ap montre kiyès ki kiyès; kote Legliz la Limenm, Epouz Jezikri a, pral soti pou ale, nan peyi ki te pwomèt la. "Nan domenn Papa m nan gen anpil bitasyon, nan espas sa a." Ou pa bezwen ale la a epi goumen tankou yo te fè I la. Li deja prepare. Si tabènak terès la ta fonn, nou gen youn ki deja ap tann, "Se la a mwen ye, se la a ou pral ye tou." Gran Egzòd la sou pwen rive!

115 Obsève kijan Bondye te fè egzòd sa a, ki sa Li ... ki preparasyon L te fè, epi etidye jis yon minit, apre sa gade jodi a. Trè byen. Remake, anvan egzòd sa a, "Te gen yon - yon farawon ki te leve e ki pa t konnen Jozèf." Ou wè? Yon farawon ki pa t 'konn Jozèf. "Ki pa t konn Jozèf." Ki sa Jozèf te reprezante? Pati espirityèl la nan egzòd espirityèl sa a.

116 Men yo leve kounye a, "Nou se libète." ("Fanm lan te nouri pou yon tan dè tan, ak mwatye yon tan.") Men, finalman te gen youn ki leve - yon Jos- ... oswa yon diktatè farawon an ki pa t 'konn libète relijyon, pral ini yo ansanm. Pa kite sa chape w. Te g on moman kote k te gen yon farawon, ki dabò, te gen pou l vini.

117 Epi òganizasyon yo t ap mennen la bèle vi , te viv tankou yon branch ki grefe, nan pye viy reyèl Krisyanite a, men l te toujou pote fwi orijinal li yo: fanm, mwatye-abiye; gason, entelektyèl, e ki renye pouvwa Sentespri a. Men, li te viv anba non yon legliz kretyen. Se yon viy ki te grefe. Men, mesye marie a ap vini kounye a pou taye viy sa a, jan L te di ke L ta p fè l la. Tout sa yo ki pa gen fwi ap koupe, jete nan dife epi boule.

118 Sa a s on bagay terib pou di, men verite a pafwa sanble terib, jan m te jis di w la, kouman Bondye pran pitit li yo atravè dlo pwofon yo, e sab mouvan ak bagay sa yo. Li fè sa konsa. Sonje byen, vaz ajil la dwe kraze an myèt moso, jèb yo, ti moso yo gen pou remodle epi retounen pousyè tè ankò. Sa sanble yon bagay terib pou detwi l, men sa dwe fèt konsa, pou ke vaz la re-te fèt ankò, vaz la oswa kèlkeswa sa w ap fè a.

119 "Te g on farawon ki te leve, ki pa t 'konnen Jozèf." E se te konmansman nan konmansman an. Se te konmansman egzòd la. Men, lè bagay sa a kòmanse fòme, anba yon - yon pouvwa politik, kòmanse fòme, Bondye kòmanse prepare L. Peche moun Amoreyen yo te akonpli. Tan li te pwomèt Abraram nan te akonpli, e lè delivrans lan te prè pou rive.

120 Epi Bondye te pèmèt pou ke yon farawon te leve, ki pa t konnen Jozèf, epi Ramsès te fèt. Epi touswit apre Seti sete Ramses. Epi Ramsès se te youn ki pa t konnen benediksyon Jozèf yo. Epi- epi li pa t 'konnen ki sa kote espirityèl la te ye. Li te sèlman yon jeni politik, ke l te kab pran peyi Letiopi ak tout rès peyi yo, anba pouvwa militè yo. Epi se tout sa l te konnen, se te – pouvwa militè a.

121 Epi m panse, si yon nomm te espirityèl, li te kab wè sa k ap pase kounye a. Nou pral g on farawon ki pa konn libète relijyon. Lè prezidan nou an te antre an fonksyon, li pa t fè sèman sa a, ke l te kwè nan libète relijyon.

122 E sak pase lòt jou lè n te gen kesyon segregasyon sa a, nan sid la? Lè ke gouvènè nan-nan Alabama ... M swete ke m te kapab pale ak paste sa a, ki se Martin Luther King. Ki jan nomm nan ka yon lidè, epi mennen pèp li a nan yon pèlen mòtèl? Si moun sa yo te esklav, m tap desann la, retire kostim mwen, al goumen pou moun yo. Yo pa esklav. Yo se sitwayen ameriken. Yo se sitwayen nasyon an. Nan Kesyon "al lekòl la."

123 Moun sa yo, si yo te gen yon kè di epi yo pa t konn bagay sa yo, ou pa ka antre nan yon pèp, bagay espirityèl sa yo, alòs ke se batman pouvwa politik ki te la a. Yo te oblige aksepte li, yo dwe ne de novo, apre sa yo va wè bagay sa yo.

124 Men, nonm sa a, si m te kab sèlman pale avè l; lè l mennen moun presye sa yo, anba non relijyon, nan yon pèlen mòtèl kote li pral touye dè milye e dè milye nan yo! Yo pa t ... Yo te jis gen-kote natirèl la.

125 Nonm sa, frè koulè a, lè gran soulèvman sa te vini nan Louisiana, m te la nan tan an. Lè...Gen yon minis koulè, yon presye vye frè, ki te kanpe la epi li te di, li te mande milis la : “Èske m ka pale avèk yo? Yo se pèp mwen.” E vye minis sa te kanpe, laba, epi li te di : “M vle di, maten an, m pat janm wont koulè m. Kreyatè mwen fè m sa m ye a.”

126 Se fason sa Li vle pou l rete. Se fason sa Li vle pou tout moun rete. Li fè flè blan, ak flè ble, ak tout koulè flè. Piga nou ibride yo. Piga nou kwaze yo. Nou prale kont lanati.

127 Li di : “Mwen pat janm wont koulè m lan, jiska maten an.” Li di: “Lè m wè pèp mwen an soulve epi y ap fè bagay y ap fè kounye a,” li di, “sa fè m wont pou yo.”

Mwen panse: “Se pou Bondye beni vwa sa.”

Li di : “Nou jis pral kreye twoub.” Li di : “Gade lekòl yo isi a. Si nou pat gen lekòl yo,” li di : “Se t ap diferan. Men kilès ki gen meyè lekòl isi a nan Louisiana?” Li di: “Ann pran, pa egzanp, vil nou an, Shreveport.” Li di: “Gen yon lekòl blan laba, se vye lekòl laba. Yo konstwi yon lòt pou nou. Yo pa gen yon gress enstriman, yon gress bagay pou timoun yo jwe. Nou gen yon lakou byen ranpli. E anplis de sa, yo bati pou nou yon gwo tonton pisin an mab pou timoun nou yo. Epi nou gen meyè pwofesè yo ki ka genyen.” Li di : “Poukisa nou vle ale laba, alòske nou gen yon meyè isi a? Ki pwoblèm nou? Li di.

128 E moun sa yo, yo te kriye “Rah!” Yo te toufe vwa a. Men ni, ou wè, yon move enspirasyon.

129 Si moun sa yo te esklav. Yo se frè m ak sè m. Si yo te esklav, m t ap di : “Annou jwenn nou avèk yo epi desann nan lari a epi pwoteste kont bagay sa.” Yo pa esklav. Yo se sitwayen avèk menm dwa yo ke nenpòt lòt moun genyen. Se jis yon bann enspirasyon ki sòti nan lanfè, pou lakòz anpil nan yo mouri. Yo konmanse yon revolisyon. Se sèten se sa. Se pa jis.

130 Gason kon famm gen pwòp dwa pa yo. Frè koulè nou yo, ak Japonè nou yo, epi jòn yo, blan yo, nwa yo, ak kwaksesa yo ye a, pa gen diferans nan koulè yo, pou Bondye. Nou tout sòti nan yon sèl nomm, Adan. Men si Bondye te separe nou epi fè nou vin diferan koulè, annou

rete konsa. Si m te yon--yon moun koulè jòn, m t ap vle rete yon Japonè, oswa Chinwa. Si m te yon—yon--yon moun koulè, m t ap vle rete konsa.

131 Franchman, gen anpil bagay ke ras nwa a genyen ke ras blan an ta dwe genyen. Yo pa gen enkyetid. Yo plis espirityèl. Gen yon milye bagay konsènan yomenm ke moun blan an pa menm ka touche. Bondye fè yo konsa.

132 Ki moun ki ka depase yon koral moun koulè nan chante? Ki kote w ka jwenn vwa sa yo? Mwen wè yo sòti nan lòt peyi yo laba, yo pat ka distenge men dwat yo ak men gòch yo. Trant oswa karant tribi pami yo, e y ap chante nan yon plas, mèt la kanpe la, li di : "M pa menm ka touche sa." Li te antrene koral pandan plizyè lane, epi youn ap fè oktav pi wo, epi lòt la pi ba, ak tout bagay. Li di : "M te koute sa, jis pafètman, menm si se ak diferan lang." Yo gen don.

133 Men, ou wè, tout bagay sa yo dwe rive, tout akòz yon politisyen ke noumenm moun yo nou te eli avèk machin trike nou yo.

134 E lòt jou, lè gouvènè a te kanpe la, li te prete sèman epi pèp la te eli I nan pozisyon sa, epi li te fè fas a kesyon segregasyon an dapre konstitisyon an, ke chak--chak eta ka gen pwòp lide I sou sa. Se pat pwoblèm pa I, men li li konstitisyon an, li di : "Kounye a, lekòl la pran pozisyon pou segregasyon." Yo gen yon lekòl laba, e sèlman de timoun nwa ki te vle antre nan lekòl sa, alòske yo gen pwòp inivèsite pa yo. Men li te kanpe e li te di : "Kisa?" Li te menm li kontitision an.

135 Epi konsènan kanmarad sa nou te elve isi a, ki pa konnen Joseph, libète. Li te atire vòt nwa yo, ki inyore, pou konmanse, se te yon pati repiblikan ki te ba yo libète. Yo vann dwa denès yo, a yon tèl bagay konsa, pou kondwi yo nan yon pyèj lanmò, sa montre ke tout sistèm ki fèt ak men lòm dwe tonbe. Se egzakteman sa. E Mesye Kennedy te nasyonalize gad sa, epi li voye mesye sa yo dirèkteman anfas pwòp papa yo ki te kanpe la pou defann konstitisyon an. Sa te brize konstitisyon ankò.

136 Li te di : "Nou p ap batay. Non, mesye." Epi li di : "Mwen espere ke nasyon an wè ke nou p ap viv ankò anba yon demokrasi, men anba yon diktati militè."

137 Nou konnen vye pwovèb la ki di : "Demokrat ki sot nan Sid yon jou, Demokrat ki sot nan Sid pou toutan." M pa konnen. En-en. Se sèten yon nonm ap gen ase bon sans pou I pran konsyans de yon bagay. Ou wè? Kite moun presye sa yo trankil. Pa touye yo, laba.

138 Se tankou nèg sa ki te touye frè sa ak yon bal nan do, lòt jou swa, ak revòlvè sa, e timoun li yo ak madanm li te lakay yo. M pa bezwen konnen kilès li ye, sa se basès epi minab. Wi, mesye. Tankou si yo ta nonmenm jij nan ka sa, yon fwa. En-en. En-en. Touye nonm sa avèk

yon bal, ki t ap antre lakay li pou wè madanm li ak pitit li yo. Li se yon sitwayen, li gen dwa pou I pran pozisyon pou sa li panse ki jis, yon bon gason. Epi foto ti gason sa k ap kriye pou papa I nan magazin *Life* lan. Epi renega sa la, te tire yon bal nan do I, nan yon anbiskad.

139 Se sa nou jwenn lè nou rejte Kris. Se vre. Se la ke tout nasyon an rive, tout anba enfliyans poilitik. Se yon tèl wont, men se sa nou te vle. Nou pwouve I nan eleksyon sa.

140 Ti gason m lan di m, maten an : “Papa, zansèt pèleren yo, lè yo te vini pa bò isit la, èske yo tout te manm *tèl legliz denominasyonèl*? Èske yo tout te...Li di : “Èske yo te konn mete gwo manto?”

141 Mwen di : “Non, cheri. Yo te vin isi a akòz libète relijon. Se poutèt sa yo vin isi a. Pou sòti anba jan de bagay konsa.” Nou wè ki kote sa rive kounye a? Sa montre ke tout wayòm sa yo dwe tonbe.

M dwe depeche m.

142 Yon sèl bagay, mwen priye pou ke Frè Martin Luther King va reveye sètènman byento. Li renmen pèp li; pa gen okenn dout. Men si li te ka sèlman wè ki kote enspirasyon I lan sòti. A kisa sa t ap sèvi si w t ale lekòl, alòske yon milyon nan nou layite la, mouri? Èske sa pa t ap senpleman, ale lekòl, kanmenm. Bon, pou—pou grangou, si se te pou yon lòt bagay, esklavaj, nonm lan ta vle yon mati pou bay vi I pou yon kòz konsa, yon kòz ki diy, e sa t ap yon kòz ki diy. Men jis pou ale lekòl, mwen—mwen pa konprann li. Ou wè? M pa kwè Sentespri a dakò avè I, ditou, sou sa. Sa fè tout moun yo eksite, nan yon bann pwopagann, ou wè.

143 Jis—jis menm jan Hitler te fè, laba an Almay, li te kondwi yo dirèkteman nan pyèj lanmò, presye Alman sa yo. E yo te blayi atè pa milya, oswa milyon, pil sou pil laba youn sou lòt.

144 E se egzakteman menm bagay. E sonje, y ap anrejistre m. Nou va wè li, apre, petèt lè m pati. Se egzakteman sa k pral pase. Moun presye sa yo pral mouri laba, tankou mouch. Sa ap konmanse yon revolisyon, blan ak moun koulè yo pral batay ankò, epi mouri tankou mouch. E kisa w ap gaye lè tout bagay fini? Yon pakèt moun mouri.

145 “Men te gen yon fararon ki te parèt ki pat konnen Joseph.” Menm bagay la jodi a, yon nonm parèt e li prete sèman nan—nan Mezon Blanch lan, ki pa vle prete sèman, deklare sou sèman ke li kwè nan libète relijon.

146 Kisa nouvo pap sa di? Youn...pou limenm gen kat bagay. Youn nan yo, se pou ini Pwotestan yo ak Katolik yo ansanm. E pou nenpòt moun entelektyèl, se bagay sa ki dwe fèt. Men dapre Bib la, se pa bagay pou fè. E Bib la di yo gen pou fè sa.

147 Ann ale yon ti kras pi lwen. Nan epòk sa, Ramsès, an Ejjip, t ap grandi. Pouvwa li t ap grandi. Nonm natirèl la, Ramsès, t ap grandi.

148 Nonm natirèl la, antikris la, ap grandi kounye a. Atravè politik, li déjà chita nan Mezon Blanch lan. Nan domèn reliyon, li rann tout moun sitèlman anbwouye, jouk an reyalite y ap tonbe drèt pou sa. E kondiktè denominasyonèl yo, pratikman chak legliz ki genyen nan nasyon an, déjà antre nan konfederasyon legliz yo. Ramsès ap grandi. Epi yo tout ap ini ansanm, e se sa yo pral genyen. E kisa sa fè? Li fè yon pouvwa, yon bêt menm jan ak premye a.

149 Epi pral gen yon pèsekisyon ki pral tonbe sou tout sa yo ki va refize ini avè I, ak yon bòykòt. Li va two ta lè sa. Ou va déjà pran mak la. Piga w di : "M ap fè I lè sa." Ou ta fè mye fè I kounye a. Ramsès t ap grandi.

150 Men sonje, pandan ke Ramsès t ap grandi an pwisans, an Ejjip, Bondye te gen Moyiz nan dezè a. Li t ap grandi, tou. Ramsès te gen yon sistèm politik. Bondye te gen yon sistèm espirityèl, pa yon pwofèt, ki te prè pou l desann laba, pou pale ak pèp la.

151 Toulede ap grandi ankò. Pral gen yon konfwontasyon, youn nan jou sayo. Tan an pa two lwen kote pral gen yon konfwontasyon. Kòm natirèl la...Kòm Lèzekriti di: "Natirèl la te tipifye espirityèl la." Ou pa ka evite sa. Men ni. Li drèt devan je w la. Se Laverite. Gade Legliz la kounye a, k ap fè apèl, k ap vini an pwisans. Sentespri a ap desann, mistè Bondye yo ap revele epi plase an òd. Ou wè? Epi isi a la menm, li déjà chita nan Mezon Blanch lan. E Legliz la ap asanble Tèt Li ansanm, amèn, pa yon denominasyon; an deyò esklavaj inikite, lwen Amorit yo, yon pèp ki lib. O!

152 Bondye te gen Moyiz, ki te dwe pwofèt Li. Menm si li te déjà pwofetize, e li te pwouve ke li te jis, men poutan li te nan lekòl dezè a, kache lwen rès mond lan. Men li te pase lekòl, byen antrene, nan dezè a.

153 Enemi yo pral toujou pwopoze sistèm pa I. E enkredilite a ap aksepte I, paske siy lènmi an se yon siy entelektyèl.

154 Kounye a, sonje, genyen sèlman de. Pa bliye sa. Genyen sèlman de pwisans. Youn se pouvwa espirityèl, Sentespri a. Lòt la se dyab la, k ap travay ak pwisans entelektyèl la. Paske, se la li te antre, nan jaden Edenn lan, atravè pwisans entelektyèl yo, pou fè Èv kwè yon konsepsyon entelektyèl, kont Pawòl la. Jis osi klè ke l kapab ye, timoun yo ta ka sezi sa. Ou wè? Ou wè? E se konsa sa te toujou ye, jouk jodi a.

155 Men ni, an Ejip, jou maten sa. Men yon pwisans entelektyèl k ap travay nan Ramsès, k ap mennen l sou pouvwa a. Epi li te fè l parèt, sila ki pat konnen libète pou lese kontinye sa Jozèf te fè, sa legliz te fè nan konmansman.

156 E kounye a nou wè menm bagay la, yon pwisans entelektyèl k ap glise nan mitan legliz yo, epi li elve ak yon chèf eklezyastik ki pa okipe l de sa Bib la di. Yo genyen pwòp sistèm yo. Se pa sa Bib la di. Se sa legliz di. E pwotestan yo te glise drèt ladann, jiska tout ti gwoup yo, tankou sa : “Ebyen, se sèten. Ebyen, mwen konnen Li di Sa, men m ap di w, jou sa yo pase.”

157 “Yo gen yon aparans pyete, men yo renye pwisans lan.” Chak Ekriti nan Bib la endike sa klèman.

158 Kounye a nou wè poukisa m vle anrejistre sa epi voye l bay moun yo. Lè a rive. Verite fèt pou konnen. Egzòd la pwòch. Ou wè?

159 Pati entelektyèl la—la parèt pafè. E li pafè, li egzak; men, li pafè, ak enspirasyon Satan.

160 Epi, toutan, sa, Ramsès entelektyèl sa t ap grandi epi apwoche de twòn lan. E sonje, li te grandi tankou yon frè pou Moyiz, ou wè, yon frè pou Moyiz. Youn nan yo te dwe pran twòn entelektyèl la, jis menm jan ak Jozèf pou frè l yo. E kisa yo te fè ak ti Jozèf? Yo te ekskominye l, yo te kite Pawòl la. Pawòl la se Bondye. E yo te ekskominye Pawòl la, epi yo te aksepte yon credo. E kounye a credo monte an pwisans.

161 O Bondye, pèmèt moun yo wè sa! Kijan m ka itilize yon lòt vwa? Kijan m ka rann sa pi klè pa Lèzekriti, sou enspirasyon Sentespri a, ke nou isi a la?

162 “O,” ou di : “Ebyen, bon, si sa vini de Pap Jean, oswa Pap *Entèl*, oswa Bichòp *Entèl*.

Èske nou wè ke Bondye te pran yon ti abitan nan dezè ensiyifyan?

Ou va di : “Kijan tout sa ka fo?”

163 Bondye trete avèk yon sèl endividé, pa avèk gwoup. Avèk endividé; Bondye ap pran pa L—pa L, L ap pran pa L. Sèl bagay Li te bezwen genyen se yon sèl nomm pou L te ka aji avè l. Li te eseye genyen yo atravè chak aj. Si Li te ka jwenn yon nomm! Li te jwenn yon nomm nan epòk Noe! Yon nomm nan epòk Eli! Yon nomm nan epòk Jan Batis. Jis yon nomm se tout sa L bezwen. Nan tan jij yo, Li te eseye jwenn yon sèl nomm, Samson, Li te ba l yon gran pwisans, men li te vann li bay yon famm epi yo te avegle l. Se jij yo te ye; se pat byen. Bondye se Jij. Ou wè?

164 Ou wè, Jodi a, L ap eseye jwenn yon sèl nonm nan men Li, ki va di Laverite, ki va san krent avè I, ki p ap pran gan, ki p ap dògmatik; yon nonm Li ka kenbe nan men L epi montre ke Pawòl Li vivan. M kwè Li ka gen yon moun konsa ki prè. Se vre. Mwen kwè sa. Mwen jis...kwè Bib la ase, pou m kwè ke Li ka jwenn li, se vre, sila ki ta di Laverite.

165 Apre yon ti moman, nou wè, apre li te fin ale nan tout lekòl sa yo. Kounye siveye byen. Lènmi an pwopoze yon bagay, panse entelektyèl la, paske lènmi an travay sou kote entelektyèl la. E panse a pral chita epi rezonnen sou li, epi di: "Bon, jis tann yon minit. Èske se pa konsa, ke yon konsèy..."

166 M te pale avèk yon nonm lòt jou, epi li di : "Gade, Billy!" Li travay pou antrepriz sèvis piblik yo, yon òm de byen. Epi li di : "M vle mande w yon bagay." Li di : "Ou se llandè."

Mwen di : "Wi, mesye." Mwen di : "Mwen on jan wont de sa, men, sepandan, se sa mwen ye."

167 Epi li di : "Ebyen," li di, "èske w pa konnen ke w ta dwe reyèlman, reyèlman yon Katolik?"

168 Mwen di : "Mwen se, en-en, katolik orijinèl la, en-en." Ou konnen premye Legliz la, se te Legliz katolik.

169 Nou wè ki kote I rive, jodi a? Li te konmanse nan Pannkot, men òganizasyon an mete I kote I ye kounye a. Gade Pannkotis yo, yo retouten dèyè epi òganize epi li fè bagay premye legliz Katolik fè a. E jodi a yo prèske osi lwen ke yo, kòm yo te ye diran demil an. E senkant an prèske pote yo nan nivo li. Ou wè?

170 Li di : "Ou pa kwè lè yon gwoup panse ekimenik, men ni, "chita ansanm epi rezone sou yon bagay, epi tout gwoup la nèt ka dakò, ou pa panse yo ta ka jis yon ti jan...Paske, mwen vini pou m tandé w preche," li di, "men mwen pa dakò avè w."

171 Epi mwen di : "Sèl fason ke w ka pwouve ke dezakò w la lojik, se pwouve I pa Bib la."

Li di : "Bib la pa gen anyen pou wè ak sa."

172 Mwen di : "Pou ou, sa ka pa gen rapò. Men, pou mwen, tout sa gen rapò avè L. Ou wè, se Pawòl la."

173 Epi li di : "Ou pa panse ke yon bann panse ekimenik ki chita ansanm, kapab plis gen rezon, epi yo ka sèten ke yo gen rezon, pase jis yon ti kanmarad ki pa enstwi tankou w? E mwen di..." "Ebyen," mwen di, "ki zafè ou genyen pou w di kwakeseswa sou sa bi-...oswa kont legliz nou—nou? Alòske, te genyen, atravè tout aj yo, lè yo te genyen premye konsèy legliz,

kòm ou pale de sa, la yon jou swa..." Lè li te tande sa, aj legliz yo, ak rasanbleman konsèy ekimenik legliz la nan Nise, Wòm, epi li te fòme legliz katolik Womèn lan. Li di : "Èske w pa konnen te gen dè milye de gason, dè zòm de lespri ke Bondye te voye chita nan konsèy sa? Epi èske w pa panse ke panse yo ta ka plis sijè pou konnen volonte Bondye, ke pa w isi a la, apre Bondye fin pwouve pandan demil an ke legliz sa gen rezon?

174 Mwen di : "Li pa janm pwouve I." Mwen di : "Si legliz sa se Legliz Bondye, ann wè si I pwodwi menm bagay ak premye Legliz la nan tan li. Ann wè si I pwodwi bagay yo te fè premye fwa. Alòske, menm Bib la di, ke, 'Pa menm yon ti kras lèt oswa on yota p ap fayi Ladann.' Epi Li di : 'Nenpòt moun ki va retire yon sèl Mo nan Sa, oswa ajoute yon sèl mo Ladann, yo va anlve pati pa I la,' menm si si se konsèy ekimenik la oswa sa I ye a, 'nan Liv Lavi a.' Se fini pou li."

Li di : "Billy, ou tou senpleman pèdi larezon."

175 Epi mwen di : "Alò, mwen panse, yon fwa nan gran diyite Izrayèl, lè yo te separe menm jan ak Pwotestan ak Katolik yo fè I jodi a, Izrayèl te vle rete Izrayèl." Men mwen di : "Nou dekouvi ke yo te gen yon wa ki rele Jozafa, yon nonm jis ki te eseye kenbe lwa Bondye yo—yo—yo. Men yo te gen yon lòt pa bò isi a ki rele Akab, ki te marye ak yon fanm, pa politik, pou eseye mare zanmi ak yon lòt nasyon, epi li te marye youn nan pitit fi I yo, Jezabèl, epi li te mennen I nan...nan mitan pèp Bondye a." Se menm bagay la n ap fè, epi n ap pote vini. "Epi li te vin yon chèf; li te fè Akab di sesi, epi fè Akab di sel/a." Menm bagay la y ap fè kounye a. E mwen di : "Konfwontasyon an vini."

176 Yo te vle ini de legliz yo ansanm, menm jan y ap esye fè I kounye a. E—e pou Akab...E menm pou Jozafa, nonm ki pou òganizasyon yo, di : "Wi. Se va kòrèk. Pèp pa w la se pèp pa m lan. Nou tout nou se kwayan. Ann mete tèt nou ansanm." Men lè I te rive devan Konfwontasyon an, li di : "Ou pa panse nou ta dwe al priye sou sa? Nou ta dwe konsilte Seyè a."

Epi li di : "Wi," Akab te di.

Kifè li di : "M ap di w on bagay. Ann konsilte pwofèt Seyè a."

177 Men, ou wè, Akab te gen yon sistèm ke li te panse ki te vin de Bondye. Li te di : "M gen katsan ladan yo, enstwi epi fòme." Epi yo pretann yo se pwofèt Ebre, menm jan gwoup ministè yo fè I jodi a.

178 Epi yo te fè yo vini, epi yo te poze yo yon kesyon konsènan fen batay la. Epi yo tout te met tèt yo ansanm epi yo te ini, jis menm jan ak konsèy ekimenik la fè I jodi a, epi yo soulve

kesyon an. "Monte. Seyè a avèk ou, paske tè sa se vrèman pou nou li ye. Epi pouse do Siryen yo sòti la, oswa Filisten yo. Pouse do yo sòti, paske tè a se pou nou l ye." Sa sanble vrèman rezonab. Ou wè?

179 Men, poutan, nan fon kè Jozafa, sa pat sonnen jis. Li di : "M konnen ou gen katsan minis ekimenik byen fòme la. E yo tout nan yon menm akò, jouk yo menm fè yon pè kòn anfè epi yo di, 'MEN SA SEYÈ A DI.' Men èske nou te ka jis jwenn yon lòt?"

180 Li di : "Ke wa a pa pale konsa," politisyen an di. "Ke wa a pa pale konsa, paske mesye sa yo se mesye ki fòme. Se mwen ki fòme yo, mwenmenm." Se sa. Ou wè? Se sa. "Se mwen ki fòme mesye sa yo. Men, gen youn ankò, men mwen rayi l." Ou wè? Li di: "Se Miche, pitit gason Imla a, men," li di, "M rayi l. Li pa lòt bagay ke yon renega nan mitan yo. Li toujou ap chikane yo. Li toujou ap di m ke nan lerè. Gade wayòm mwen an." Wi, gade l, gade nan ki dega li te ye.

181 Gade denominasyon w yo, jodi a : "Yo gen aparans lapyete men yo renye sa k fè pwisans lan." Ou wè? O, nou kapab yon milyon an plis, ak yon milye an plis, epi dè zòm pi byen fòme, men ki kote nou ye nan Lespri? Kote fòs nou ye, kòm Samson, lè l te kanpe la, kòm mwen te di lòt jou a? Avèk tout gwo estati li laba, ak chak fib ki te ladann, men pat gen Lavi ladann. Lespri te kite l. Li te san defans. Timoun lan t ap kondwi l; je l yo te avegle, akòz de yon fanm. Menm jan legliz la ye, jodi a, se politik k ap kondwi l, evèk yo, ansyen yo, ak tout kalite bagay. Mesye yo k ap fè konpwomi, pou yo gen favè, ak tout bagay. Ki kote nou ye? Kifè lè nou rive nan pwen sa...

182 Yo te voye chache Jimla, oswa...pa Jimla; men Miche, pitit gason Jimla. Yo te voye chache l. Epi li te pwofetize epi li te di yo ke Akab t ap mouri si l te monte laba.

183 Epi achevèk sa te bal yon souflèt nan bouch. Li te onèt sou sa. Li di : "Ki kote Lespri Bondye t ale lè l te kite m?"

Li di : "Ou va wè." En-en. En-en.

184 Li di : "Mete l nan prizon. Mete l nan kacho a. Ba l manje pen afliksyon, ak dlo afliksyon. E lè m retounen an pè," li di, "m ap regle ak kanmarad sa."

185 Epi, Jimla, antan li konnen li te an òd ak Bondye! Poukisa? Li te konpare vizyon l avèk Pawòl la. Li te yon pwofèt. Epi lespri l ak vizyon l te tonbe egzak ak pwofèt la, Eli. Li di : "Si janmè w retounen, alò Bondye pat pale avè m."

186 Bon, mwen te di kanmarad sa : “Kilès ki te gen rezon, konsèy ekimenik kote gen katsan mesye ki eli te chita ansanm, ke lèzòm te eli, oswa yon sèl ti renega Bondye te chwazi?”

“Ebyen,” li di, “ebyen, kijan w ap fè konnen diferans lan?”

187 Mwen di : “Retounen nan Plan an!” Kijan pou n konnen pou n bati yon bilding si pa gen yon plan?

188 Si yo te rete yon minit, epi yo te wè ke pwofèt sa, Eli, li te modi Akab, e li te di : “Chyen gen pou niche san w.” E yo te fè I. Kijan pou l ta fè beni sa Bondye te modi?

189 Kijan w ka fè beni yon bagay ke Bondye modi? Sòti nan bagay sa. Kanpe Iwen I. Vini nan Kris. Amèn.

190 Kounye a remake. Men, lènmi an pral fè pwopozisyon. Lènmi an pral pwopoze yon bagay, li va prepare I, e panse entelektyèl la di : “Se kòrèk.”

191 Se la presye frè sa te ye. Nonm sa, li di : “Sanble tankou...Gade. Ou konnen, ke, si nou tout ta rasanble ansanm, tankou yon sèl legliz, ou pa panse nou ta fè mye olye pou n epapiye fason nou ye kounye a?”

192 Èske sa pa sanble li rezonab, si tout pwotestan yo ak Katolik yo ta met tèt yo ansanm epi yo ta arive antann yo sou yon pwen komen? “Men kouman de moun ka mache ansanm si yo pa dakò?” Kouman nou ka fè sa, alòske yon gwoup *isi a pa kwè* nan gerizon, *lòt* la di li vrèman kwè, yon *lòt* mete I nan yon lòt epòk pase? Kèk ladan yo pa menm kwè Bib la. Epi w ap mete sa ansanm, kisa w genyen? Bondye pa lotè konfizyon.

193 Anvan Bondye te mete Legliz Li an òd, yo te ret tann pandan dis jou ak dis nwit, jiskaske yo tout te arrive “nan yon sèl plas, nan menm akò.” E men Sentespri a kit e avanse pou kondwi Li, pa yon konsèy ekimenik. Ou wè? M espere w sezi sa. Remake.

194 Sa se enkwayan an, ki enfidèl ak Pawòl Bondye a, ki pa fè atansyon a sa Pawòl la di, men ki bay atansyon a rezònman pa l. Se sa Èv te fè, pou konmanse. Li te apiye sou rezònman li.

195 Satan di : “Bon, gade byen. Èske sa pa rezonab? M konnen Pawòl la di Sa. Men, tann yon minit, èske sa pa rezonab ke—ke w ta fè mye si w te konn distenge byen an ak mal la?”

“Ebyen, wi.” Alò li te prann. Ou wè? Se sèten.

196 Se konsa sa ye avèk rezònman. Bon, enkredilite ap toujou mete I ak rezònman, men lafwa ap kanpe lwen I.

197 Èske sa pa t ap rezonab pou papa nou; Abraham, se li ki papa fwa nou e nou se ptit li "nan Kris." Èske sa pa tap rezonab ke yon fanm ki gen swasantsenk an, epi li te viv avè I, depi I te yon ti jèn fi, pat kapab gen yon bebe? E lè li te gen santan, oswa katrevendis, epi limenm li te gen santan, e pat ko gen okenn bebe. Èske sa pa tab rezonab, si yon gran ekip doktè ak syantis fè yon egzamen medikal pou Sarah? Yo t ap di : "Ebyen, tete I yo seche. Venn kote pou lèt la pase a seche, depi karantan pase. Kè li, nan laj sa, pa ka soutni doulè akouchman." Ebyen, se jis rezònman.

198 Men Abraham te refize sa. "Li pat doute pa enkredilite konsènan pwomès Bondye a. Kont rezònman yo, li pat doute konsènan pwomès Bondye a, kèlkeswa sa I te ye a. Paske li—li te konsidere ke Bondye kapab akonpli tout bagay Li te di Li t ap fè."

199 Bon, kote timoun Abraham yo maten an? Noumenm minis yo ki pè, nou pè pèdi pen nou ak dlo nou, pou n al nan lari, si nou kite Babilòn sa. Kote fwa nou? David di : "M te jèn yon fwa, e kounye a mwen vye. M pa janm wè jis la abandone, oswa Posterite L ap mande pou pen I." Piga nou pè. Rete fidèl a Kris.

200 Men enkredilite sezi rezònman an. Se sa I te fè. Kounye a nou sezi li? Enkredilite apiye sou rezònman, bagay sa yo ki nan tan prez an. Lafwa p ap fè sa.

201 Lafwa gade a Pawòl la. Men Lafwa plase tèt li sou wòch inebranlab la, Pawòl Etènèl Bondye a. Amèn. Lafwa pa gade a rezònman. M pa bezwen konnen kijan ou ka demonstre ke li t ap pi bon. Si Pawòl la di "non," lafwa repoze I la. Sa se sanktyè plas repo lafwa.

202 M vle mande nou noumenm Literyen yo, maten an, noumenm Batis, epi noumenm Katolik, epi noumenm, kèlkeswa sa nou ye a, noumenm moun denominasyon yo toupatou nan mond lan. Kouman nou ka mete fwa nou nan denominasyon nou yo, lè sa kontrè a Pawòl la? Ki jan de fwa nou genyen? Nou gen pwisans rezònman, e non lafwa. "Paske lafwa vini apati de sa ou tandé," tandé konsèy ekimenik la? Èske w ta ka janm... Ann di, ou ka jwenn sa nan almanak dat nesans dam vye gramoun yo, men ou p ap janm ka jwenn li nan Pawòl Bondye a.

203 "Lafwa vini apati de sa ou tandé, e sa ou tandé vini de Pawòl Bondye a." Amèn. Di m si yon nom ka di yon bagay kontrè a Sa, epi di se Pawòl Bondye a. Alòske "Syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl sa p ap janm pase."

204 Lafwa jwenn sanktyè repo Li nan Pawòl la. Li monte anwo Woche Etènèl sa, Kris Jezi, Pawòl la epi li poze la epi li repoze l. Ke van yo soufle. Ke tanpèt yo sekwe. Li an sekirite, pou toujou. Li repoze drèt la sou Pawòl sa. Se sou sa ke lafwa, lafwa otantik Kretyen an, repoze. Pawòl la se lye repo li, paske li konnen ke Bondye ap toujou montre Tèt Li siperyè, anlè tèt tout lènmi L yo. Kèlkeswa jan sitiyasyon an parèt grav, e kijan lènmi an antre, e kijan sa parèt ke w pèdi, lafwa toujou konnen sa l ye.

205 Kounye a, moun ki malad yo, O, ala mwen ta renmen fè sa klè pou nou! Lè w sezi lafwa sa, ke w pral geri; nenpòt-nenpòt ki sikontans, nenpòt lòt bagay, tout siy yo, tout sentom ki montre ke w pral mouri, ou pap janm bouje! Li repoze nan sanktyè Pawòl Bondye a. Lè lafwa, lè lafwa otantik etabli ladan l. Se pa yon maskarad non, men lafwa. Se pa lesperans, men Lafwa. Lesperans deyò a, li ta renmen randre anndan. Lafwa deja anndan, l ap gade deyò a epi l di, "se akonpli." Ou wè? Sa se lafwa. Se la ke lafwa pran repo l, paske l konnen ke Bondye pa p janm , janm kite enmi an mache sou tèt Li. Li pa t janm fè sa. Lafwa konn sa, li pa gade sa ki devan je l yo.

Noye te konnen bato a te kapab flote. Ou wè? Sètènman.

Danyèl te konnen Bondye te kapab fèmen bouch Lyon yo.

Jèn ebre yo te konnen Bondye te kapab rete dife a.

206 Jezi te konnen Bondye t ap resisite L, paske pawòl la te di, " Mwen pa p abandone nanm li nan sejou lanmò, ni kite Sen Mwen an wè koripsyon." Li te konnen ke koripsyon kòmanse devlope nan swasandouzè. Li te di, "nan delè twa jou M ap resisite. " Ou wè? Li pran repo Etènèl li nan sanktyè Pawòl Bondye, e se la li rete.

207 Rezonman pra l fè tout sa l konnen pou rekonèt, "Ebyen, sistèm sa fòseman pi bon. "Sa, se sa. " Li parèt mye paske w gade l ak panse entelektyèl ou a. Ou kapab pwouve rezonman.

208 Men w pa kapab pwouve lafwa. Paske, si w kapab pwouve l, sa pa lafwa ankò. Men lafwa konnen sèlman Pawòl ak promès la, e li fikse bagay sa ke je w pa wè a. "Lafwa se asirans bagay nou espere yo, se evidans bagay ke nou pa wè yo." Ou pa kapab rezone avè l. Mwen pa kapab pwouve kijan li pral fèt. Mwen pa konn ki jan li pral fèt. Mwen pa konnen, men mwen kwè. Mwen konnen ke se sa, paske Bondye di sa. Se regle.

209 Sa se rezon ki fè m konnen ke Sa se verite. Mwen konnen ke Pawòl la vre. Mwen konnen ke Mesaj la vre, paske Li nan Pawòl la. E mwen wè Bondye Vivan an aji pou konfime L, pou pwouve L. Nou nan yon egzòd, sètènman se vre.

210 Pa menm lanmò pa kapab ebranle lafwa. Dèzòm te jis kanpe nan mitan lanmò, nan...an fas lanmò, epi kriye viktwa rezireksyon an. Pòl, "O lanmò, kote egiyon w? Tonbo, kote viktwa w?" Ou wè? "Paske, Jezi resisite, e paske moun ki nan Jezi yo ap parèt avèk Li lè L ap vini an." Ou wè? Ou pa kapab chanje l. Yès!

211 Lafwa fè Pawòl Bondye a vin sanktyè repo Etènèl li. Li kouche nan Pawòl Bondye a. Remake, ankò.

212 La menm, nou pa rete anpil, petèt on venn senk minit ankò, si nou--si nou dakò. [Asanble a di, "Amèn."—Ed.] Mwen--mwen ta renmen kontinye anrejistre band sa, jis yon ti moman.

213 Remake wa sa, nouvo wa ki te leve a, ki pa t konn Joseph. Kisa ki te premye manigans li, pou l te detwi poussa Izrayèl la? Se te avèk pitit li yo. Pa vre? [Asanble a di, "Amèn."—Ed.] Li te eseye detwi pitit li yo. Kounye a koute avèk atansyon. Menm dyab sa, nan yon lòt fòm wayote, eseye detwi sèl Ptit Bondye a. Ou wè? "Debarase ak pitit yo, premyèman, anvan ke yo menm kòmanse." Dyab la vrèman entelijan, li rize. Li konn ki jan pou l frape bagay la anvan l kòmanse. Li konn sa. Ou wè?

214 E sèl sa ke w kapab fè, pou venk li, se apiye w sou Kris, epi koube w epi kite L kondwi w. Ou wè? Ou pa p jamm rive yon lòt fason. Poussa entelektyèl ou yo pa p janm rive fè l. Ou dwe kwè l. Jis apiye w sou li. Li se Bèje a. Se pa travay brebi yo pou chase lou yo. Sa se travay bèje a. Men brebi a dwe rete avèk bèje a, si li vle rete an sekirite. Sa se zòn defans mwen, se nan Kris; e Kris se Pawòl la. Sa se zòn defans la.

215 Remake. Dyab la, nan fòm Ramsès, yon wa, premye sa li te fè se te debarase l de tout timoun yo, avèk yon lanmò naturel. E nan menm moman ke Ptit Bondye a te fèt... Li te deplase soti Lejip, 'paske Bondye te detwi Lejip, li te modi l. Li pa t janm leve ankò, depi lè sa. Answit li te nan Wòm; Satan deplase syèj li al Wòm. E premye sa Wòm te fè, pou detwi l nèt, pou l genyen, pou asire l, dyab la, nan sistèm women an, eseye detwi (kisa?) Ptit Bondye a, pou kòmanse. Menm dyab la!

216 Epi, jodi a, li fè menm bagay la, se anba siy lespri li ye kounye a, reliye, fè pwofesyon kretyènte, e pran pitit fi nou yo epi marye yo ak gason Katolik, epi fè pitit yo vin Katolik, pou kraze fòs lòt kan an. Sa se demon an. Sa se dyab ki chita sou sèt kolin lan, ki pote twa kouwòn, li toujou sounwa, rize, entelijan, entelektyèl menm jan ak sèpan an; semans sèpan an, pitit li yo, itilize menm Teknik entelektyèl sa yo. Gade.

217 Aprè yo touye timoun yo, de lòt fwa yo. Yo touye timoun yo avèk kisa? De fwa. Kounye a sonje, obsève de fwa sa yo, epi twazyèm fwa. Ou wè? Li touye timoun yo, de premye fwa yo, avèk lanmè natirèl. E dènyè fwa sa, li pran timoun yo epi li touye yo avèk lanmò espirityèl, maryaj, maryaj miks.

218 Danyèl pa t di menm bagay la, nan wayòm fè ak ajil sa, ke y ap melanje semans yo, eseye kraze fòs lòt pèp la? E se sa ke y ap fè, jiskaske yo rive kounye a. Yo gen yon prezidan sou poussa a. Kounye a, pwochen bagay ou dwe fè, se plase, plase yon kadinal. Plase tout kabinè a, answit kisa w ap fè?

219 Pwochèn sa yo pral fè, yo pral pran lajan an pou--pou peye dèt Etazini an, y ap prete lajan sa nan men legliz, apre sa ou mare. Yès! Kounye a, n ap--n ap viv jodi a, poutan nou deja ap peye dèt ke yo pral fè a, avèk lajan taks ki pa p ko peye aprè karantan pase. Nou pa gen lajan ankò. Men genyen l nan legliz. Bib la pa t di konsa, "Li kouvri ak lò"? Epi, O lala! Men ou...

220 Se fason sa li fè, ou wè, yo marye ak pitit fi w yo, pitit fi w yo marye ak pitit gason yo, y ap leve pitit ou yo nan lafwa Katolik, egzakteman, touye yo ak lanmò espirityèl. Bib la pa di konsa, "L ap jete l nan yon kouch mondanite, epi touye pitit li yo ak lanmò espirityèl"? Apokalips 17. Ou wè?

221 Se toujou Pawòl la. Pe enpòt kote w ale, li rete Pawòl la. Li dwe koresponn pafètman ak tablo a. Si I pa koresponn, se pa Pawòl la, se pa Pawòl la. Si w pa kapab fè I koresponn ak Bib la depi kòmansman jiska lafen, alò li pa bon.

222 Gade. Pandan tan sa, Bondye t ap antrene sèvitè Li an pou travay li a. Antrene I, Iwen jye yo, Iwen plan yo, Iwen manigans yo. Ou sezi I? Lwen sistèm òganizasyon yo, Bondye t ap antrene yon nonm pou objektif Li an. Li jis kite sa kontinye. Kite I marye. Epi gen madanm ak pitit, pitit li an Gèchòm. Li t ap mennen yon bon ti lavi, li te beni I laba a. Men, pandan tout tan sa, Li t ap prepare I, antrene I.

223 Bondye ak enmi L te aji, yon fason natirèl nan épòk sa, menm jan Bondye ak enmi L ap aji yon fason espirityèl jodi a. Yo te touye yo ak lanmò natirèl; kounye a se avèk lanmò espirityèl. Ou wè? Bondye t ap prepare yon nonm natirèl, pwofèt li a, pou ale nan peyi Lejip. Epi satan t ap prepare ramsès, nonm natirèl li an, ou wè, prepare yon nonm natirèl (pou kisa?) pou touye, oubyen ini tout Ejipsyen yo ak Ebre yo ansanm, pou fè yo kontinye sèvi yo.

224 Se poutèt sa li trè difisil pou lespri a rezone kont yon sistèm edikasyon ki pwouve apiye agiman sa yo. Ou wè? Se vre. Lespri a toujou al jwenn edikasyon. Lespri entelektyèl ak rezonman pa menm kapab wè I.

225 Ou te gade fim *dis kòmandman* Sesil Demil la? Mwen sipoze plizyè nan nou gade I. Mwen pa kwè nan ale nan sinema, koze sa yo. Men mwen rekòmande I nan legliz la, nenpòt moun, si yo pa t gen okenn lòt bagay, ki ta vle gade I, sa t ap kòrèk si yo ta vle gade I, paske, mwen pa t ap kite...dabò, plizyè nan frè yo te ale. Yo vini, yo rakonte m. Mwen pa ale nan sinema depi plizyè lane. Finalman, mwen te ale isit la, lè yo te pase fim sa nan sinema pou moun ki nan machin vin gade. Mwen te wè I. Mwen te wè de kisa fim nan pale. Answit mwen te di legliz la, "Si w ta renmen al gade I, se kòrèk." Se te sa. Li te bèl, mayifik.

226 Gade kijan dyab la gen riz, gade kijan li te sounwa ladan I, kòman li--li deplase ladan I pou touye timoun sa yo. E kijan lespri entelektyèl la ramase I epi kwè I, paske yo te kapab wè I. Sa te rezonab. O, kòman Bondye, tout tan sa, t ap antrene pwofèt sa. E kijan Lejip t ap fè antrenman, nan politik, Ramsès, pou te pran pouvwa. Alò, gran konba sa te rive, yon jou, ant pouvwa entelektyèl ak pouvwa espirityèl la. E Ramsès, avèk tout ti dye li yo, te kanpe laba a epi li t ap vèse dlo nan, pou--pou beni dye ki nan flèv yo rele Nil la. Bondye frape I, epi san te soti ladan I. Li te gen...O mwen--mwen panse li te etonan, pou wè bagay sa k ap pase. O!

227 Kounye a gade. Entelektyèl la ap toujou vle rezone. E li pa kapab wè kote espirityèl la, paske li entelektyèl. O, sa pa t janm fèt nan lòt tan yo! Yo pa kapab wè I nan moman sa.

228 Yo pa t kapab wè I nan jou Eli yo. Kòman yon vye pwofèt ki gen yon pakèt plim leve nan tout figi I...

Ke Bondye padone m deske m di yon bagay konsa. Men mwen--mwen manke...E Bondye konnen ke m ap eseye rann sa--rann sa osi ridikil ke posib, pou w kapab wè Lespri--Lespri Bondye.

229 Menm jan Pòl te di, "Mwen pa t vin jwenn nou, ak bèl pawòl sajès, pou ke lespri nou fonde sou sajès. Men mwen mwen vini ak pwisans Sentespri a, pou ke--pou ke-pou- pou ke

lesperans ou ak konfyans ou repoze, pa nan sajès lòm, men nan pwisans rezireksyon Jezikri a.”

230 Se pou sa mwen rann sa ridikil konsa, ap rele yon gran, yon sen pwofèt, “avèk yon pakèt plim leve nan figi l.” paske, li te kab yon--yon bagay tèrib pou gade, kanpe, bò kote yon prêt ki byen abiye, epi rele tèt li yon sèvitè Bondye.

231 Obsève I byen. Li kapab wè sentete prêt sa, nan panse entèlekyèl la. Li kapab wè kwaf ki sou tèt li, epi ki vire konsa, epi efòd la ki kouche sou pwatrin li *bò isit la*. Li kapab wè lwil onksyon an, natirèl, sou bab li, k ap koule jis arebò rad li. Li kab wè sakrifis la k ap boule, e tout lòt rityèl yo nan lòd. Kounye a, se sou sa ke lespri natirèl la fikse.

232 Se menm bagay la y ap eseye fè jounen jodi a, jye, se pòtay nanm nan li ye. Men, ou wè, jye espirityèl la anndan jye sa!

233 Yo gade vye nonm sa ki chaje ak plim leve la, cheve kouvrí pwatrin li, e yon gwo moso po mouton, an kwi, vlope li, yon senti pase sou ren li, ak, petèt li pye atè, ti bral tou mèg, chè li tonbe *konsa*, e bab li tou blan, ap balanse sou figi l; e yon baton krochi nan men l, li kanpe laba a. Men jye espirityèl la kapab wè pwisans Bondye ka p deplase laba a,’ paske se egzakteman avèk Pawòl la. Se pa sa entelèk la wè; se sa jye espirityèl la wè!

234 Epi jye-jye natirèl la, jodi a, wè yon legliz ki nan liks, yon kominyon avèk mè vil la, oubyen-oubyen kisa ankò, nan òganizasyon denominasyon sa yo. E yo pa wè pwisans Sentespri an, tandiske li kab resiste mò yo epi geri malad yo. E-e-e kòman...ou wè? Yo-yo gade, yo gade Holiwood, e yo gade moun ki nan lari yo.

235 Fi yo, jodi a, yo panse, “Ebyen, fi sa, Suzie, li nan legliz la. Li koupe cheve l. Li pote makiyaj. Tout moun nan vil la renmen l.”

236 Mwen mande tèt mwen: e pou Syèl la? Ou wè? Lè li kontrè ak Pawòl la, Bondye pa kab apwouve l. Li-Li t ap apwouve kont pwòp tèt pa L. Li t ap renye pwòp Pawòl Li. E se yon bagay li konnen, Bondye pa p janm fè sa, menm si syèl ak tè a ta pase. Yon fi ki koupe cheve l se yon malediksyon, devan jye Bondye, oubyen yon fi ki pote yon vètman pou gason. Ou wè? Jye espirityèl la sezi sa; yo viv pou Sa k ap vini an. Lespri natirèl la viv pou rezone bagay chanèl jounen jodi a.

237 Obsève kounye a, Bondye ap fè sa, poutan moun yo pa konn sa. Lespri chanèl la t ap mache ak rezonman. Bondye ap rele kounye a yon egzòd espirityèl. Kote li te rele yon egzòd natirèl pou pèp Li a, L ap rele yon egzòd espirityèl jodi a, pou (Kiyès?) sila ki Eli yo, sèlman pou sila ki Eli yo.

238 Kounye a, Lejip pa t kab wè Izrayèl te gen rezon, malgre san ayo a sou pòt ak lento yo, e bagay sa yo ki te rive.

239 Epi Bondye laba a, ap aji nan pwofèt sa, pou ap pran pawòl yon nonm. Li kite l monte anwo a, e pran yon-yon baton li te apiye sou li a, e leve nan direksyon lès, e li te di, “ke mouch vini, e ke yo desann sou ejipsyen yo.” Li retounen laba ankò. E tout moun yo te di, “Anyen pa rive. Anyen pa rive.”

240 Men apre yon ti tan, yon vye mouch vèt dwe kòmanse vire nan tout sans. Apre sa, yo te petèt yon kilo mouch sou chak mèt kare, yon nonm te rele yon kreyasyon a legzistans.

241 La te gen yon Ramsès entelektyèl ki te kanpe laba a, li te kont, se te yon nonm ki te relije anpil, e li te kont Lespri Bondye vivan an. E lespri natirèl la te sèlman kab wè Ramsès. Men lespri espirityèl la te wè pwomès la, e li te wè akonplisman l.

242 Ebyen, si Jozye ak Kalèb te gade Amalesit yo, ak Evyen yo, ak Jebusyen yo, kòm si yo pa t egziste, menm si yo te de fwa, twa fwa jiska kat fwa pi gwo pase yo. E lespri natirèl la, nan Kadès-Baneya, lè espyon yo te ale laba a, yo te di, "A, nou pa p ka fè sa. Nou...yo-yo twòp. Ebyen nou tankou, tankou sotrèl bò kote yo."

243 Men Kalèb ak Jozye te wè pwomès Bondye a, yo te di, "Nou kapab fè sa san pwoblèm." Poukisa? Yo t ap gade, "Bondye te di, 'Mwen bannou peyi sa.'" Ou wè? Lespri chanèl la pa konprann sa. Lespri espirityèl la sezi l.

244 E poukisa? Kite m mande nou yon bagay. Poukisa Ejipsyen yo pa t wè bagay sa yo? Paske yo pa t eli. Bondye te di Abraham, anvan sa te rive. Sezi l, legliz w ap dòmi! Bondye te di Abraham anvan sa te rive, "Semans ou ap rete nan—nan peyi Lejip, pandan katsanzan, aprè sa m ap fè yo soti." Sa se rezon kifè yo te wè l, paske yo te eli pou wè li. Yo te nan eleksyon an. Izrayèl te eli pou wè siy Bondye a, e yo te soti kite Lejip kote enfidèl yo te peri.

245 E, jodi a, Bondye ap rele Eli yo, Semans espirityèl Abraham nan, pa lafwa li te gen nan Pawòl Bondye a. Ou pa wè Semans espirityèl la? [Asanble a di: "Amèn."—Ed.] Li pa wè legliz entelektyèl la. Li wè Pawòl la. E li kòmanse soti nan gwo denominasyon sa yo, pou vini nan Prezans Jezikri. Amèn. Èske sa klè? Ou sezi l? ["Amèn."] Se byen. N ap avanse. Sèlman Eli yo! Doktè teyoloji, dwa ak filozofi yo pa janm wè sa. Yo pa t eli.

246 E, sonje, eleksyon sa ap vini kounye a, li pa p jis ale nan yon lòt nasyon, men li prale nan Laglwa, kote non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a. Pa sou fòm natirèl, yon ti Ayo ki fè Izrayèl soti, kote yo te kab retrograde, retounen dèyè. Men, sa pa kab fè sa. Sa se anba San Ayo Bondye a kite imole anvan fondasyon mond lan. E non yo te ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. E yo te ladan l, yo te eli. E lè Limyè sa te briye sou yo, konsa, miray denominasyonèl sa yo te tonbe, e yo te soti. "Soti nan mitan yo," di Sentespri a nan dènye jou yo. "Pa manyen bagay enpi yo a. M ap yon Bondye pou ou; w ap pitit gason ak pitit fi pou Mwen." Kounye a, obsève.

247 Izrayèl t ap gade. Yo te konnen ke Bondye trete ak pwofèt li yo. Yo...Pawòl la te vini a yo menm, e yo te vini pou wè Sa. E yo te wè L.

248 E kounye a, siy entèlektyèl la, nou wè l kounye a, ke yo kwè nan òganizasyon yo. Yo toujou nan credo yo. Poutan yo...

249 Menm jan ak Balaram, ki te monte sou tèt mòn nan, kote Izrayèl te ye a. Se te Izrayèl, pa yon nasyon, se te jis yon pèp ki t ap ere pa isit e pa lòtbò, e yo te koupab. E Moab, frè li a, entelektyèl la, lòm òganize a, te monte sou tèt mòn lan, avèk evèk oubyen pwofèt yo te genyen yo, e yo te batì yon lotèl, e yo te ofri menm sakrifis la. Men li pa t wè Kolòn dife a ak Woche frape a nan mitan Izrayèl.

250 Se menm bagay la jodi a. Espri entelektyèl la t ap gade selebrite ki te kanpe laba a. Yo pa t wè Woche frape a. Menm evèk la, li menm, manke wè pwisans Sentespri a, kri Wa ki nan kan an. Yo pa wè sa.

251 Alò, se konsa li ye jodi a ankò. Bondye ap rele pèp Eli Li a, e yo Eli kounye a. E kounye a yo eli poukisa? Pou yon rezireksyon. E ki kalite siy l ap montre yo? Siy rezireksyon an.

252 Kisa Li t ap montre yo nan moman sa? Yon siy delivrans, pou delivre yo de sèvitid, yon siy pwisans ki kab fèmen syèl yo oubyen fè syèl yo tou nwa.

253 E kounye a L ap montre yo pwisans rezireksyon Pitit li a ki vivan nan mitan yo, pou resisite yo soti nan tonbo epi soti nan simityè sa nou ye a, pou mennen yo nan Peyi Li pwomèt nou an. Siy Rezireksyon, soti nan Lejip espirityèl e Babylòn espirityèl la, pou konnen...

254 Kite m di sa dousman kounye a, pou k ab sezi l. L ap fè l ak menm sistèm ke l te fè nan kòmansman an, l ap fè menm bagay la. Avegle jye enkwayan yo; louvri jye kwayan yo. E remake politik yo ap fè li nan kote entelektyèl la, politik ak legliz, politik ak nasyon yo, tout nèt; e sou lòt kote a, li kache lwen yo, se yon koz espirityèl.

255 Bondye te pran yon nomm nan dezè a, antrene l. Epi te fè l tounen, pou pran kontrol sityasyon an, e li te fè pèp la soti. Ou wè sa m vle di a? Li pakab chanje pwogram Li. Li se Bondye. Li pa janm trete ak yon group. Li pa t janm fè l. Li trete ak yon endividé; Li te fè sa, E l ap fè l ankò. E li te pwomèt, menm nan Malachi 4, L ap fè sa. Se vre. Alò se pwomès Li, kisa Li te ye; pwomèt sa L te di Li va fè, e nou wè sa. Ala yon pèp jwaye nou ta dwe ye; Li ba yo siy lan, siy ki te pwomèt nan Pawòl Li a, Pawòl pwomès la. Li pwomèt ke L ap fè sa. E yo.....“Ap restore Lafwa moun yo, kè moun yo, retounen nan Lafwa orijinèl pè fondatè pannkotis yo.” Li te pwomèt pou fè sa, montre yo siy Li yo.

256 “E menm jan sa te ye nan jou Sodòm yo, konsa sa ap ye lè Retou Fis de lòm nan.” Ki kalite siy legliz yo te wè nan Sodòm? Kisa legliz entelektyèl la te wè? De predikatè. Kisa Legliz espirityèl la, ki se Eli a, Abraham ak group li a te wè? Yo te wè Bondye manifeste nan yon kò lachè, lachè yon moun, ki kapab disène lespri pou di kisa Sara t ap panse dèyè do L. “Menm jan sa te ye nan tan Lòt la, se konsa sa va ye lè Retou Fis de Dye a.” Nou wè Sentespri a pami nou, L ap fè menm bagay la, L ap aji nan lachè yon moun. Lè a rive. Ou wè? Nou ladan l zanmi m yo. Se sa. Yon egzòd nan wout.

257 Men kounye a obsève, pa kisa Li te fè l nan epòk sa? Obsève, epi itilize panse espirityèl ou. Ke Sentespri a jis retire ansyen bouchon endiferans lan kounye a, e gade byen. Si jamè Bondye fè yon bagay yon fason, Li pa kab janm chanje l.

258 Nan jaden Ledenn nan, lè li te vle rachte lòm pou fè l tounen nan kominyon, Li te pran yon desizyon : se te ak san. Yo eseye edikasyon, yo eseye denominasyon, yo eseye nasyonalizasyon, e tout lòt yo, men sa pa janm mache. Gen jis yon sèl plas kote Bondye rankontre ak lòm, se anba san ki te vèse a, menm jan sa te ye nan Ledenn nan. Li pa janm chanje. Sèl plas kote Bondye te rankontre, nan jou Jakòb yo, se te anba ayo sakrifis la. Sèl plas kote L rankontre nan jou Izrayèl yo, anba ayo sakrifis la; tankou Li te fè nan jaden Ledenn nan, anba ayo sakrifis la.

259 Sèl kote Li rankontre jodi a, se pa nan denominasyon yo; yo gen dechire pit epi yo chofe youn kont lòt. Pa nan yon abitid eklezyastik, yo kontinye fè menm bagay la. Pa nan entelektyalite, yo tout melanje. Men anba San Ayo a, chak kwayan ka rankontre nan kominyon, kote Lavi a ye.

260 Bondye te chwazi, nan jou egzòd yo, Li te rele yon gwoup. Epi te fè soti nan group sa, mwen vle w obsève yon bagay, Li te sèlman gen de ki te ale nan latè pwomiz sa. Pa kisa Li te chwazi fè yo soti? Politik? Òganizasyon? Li te chwazi yon pwofèt, ak yon siy Kolòn Dife sinatirèl, pou pèp la pat fè erè. Sa pwofèt la te di, se te Laverite. E Bondye desann, nan yon Kolòn Dife, e Konfime Tèt Li, Li montre Pawòl Li. Pa vre? [Asanble a di, "Amèn."—Ed.] Se sa Li te pwodwi nan premye egzòd Li a. Nan dezyèm egzòd Li a...

261 Bondye toujou manifeste an twa. Li pèfeksyone an twa. Nou tout remake nan predikasyon m yo, se toujou twa ak sèt. Wi-wi. Sèt, se "akonplisman." Twa se "pèfeksyon L." Premye, dezyèm ak Twazyèm Pull. Epi, O, tout nèt. Ou wè? Jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Papa, Ptit, Sentes...tout nèt! Ou wè? Obsève.

262 Kisa Li te fè, nan premye egzòd la? Li te voye yon pwofèt, ki wenn ak Kolòn Dife a, e Li fè pèp la soti. Sa se te premye egzòd Li a.

263 E lè tan Izrayèl la te rive, Li te voye Pwofèt--Dye ak yon Kolòn Dife. Jan te wè L ap desann depi nan Syèl la tankou yon kolonb. E li te di, "Mwen te soti nan Bondye e Mwen retounen nan Bondye."

264 Apre lanmò Li, antèman Li ak rezireksyon Li; Sòl de Tas, sou wout li vè Damas, li wè menm Kolòn Dife sa a. Epi kòm li te yon Ebre, byen anseye nan Pawòl la, li di: "Seyè, ki moun Ou ye?" Li te konnen ke se te Seyè a, Kolòn Dife sa a. Li te Ebre. Li di: "Ki moun Ou ye?"

Epi Li di: "Mwen se Jezi."

265 Dezyèm egzòd la, Li mennen on Pwofèt, wenn, ki te Ptit Li, Dye-Pwofèt. Moyiz te di ke Li ta pral yon Pwofèt; epi Li te gen Kolòn Dife a, epi Li fè siy ak mirak. Epi menm Pwofèt sa a di ke: "Moun ki mete konfyans li nan Mwen, li gen pou l fè tou sa M ap fè a."

266 Epi la a, Li pwomèt menm bagay la nan egzòd la, nan dènye jou yo, epi Li pa ka chanje sa. Epi pa prèv syantifik, pa temwayaj Lespri a, pa zèv Lespri a, nou wè l jodi a, gwo Kolòn Dife a k ap deplase nan mitan nou; epi siy yo ak mirak rezireksyon Jezikri, kap rele moun yo pou yo soti nan sistèm denominasyon yo, nan Prezans Jezikri, pou viv, ale nan on Peyi. Pa gen erè, zanmi m. Se pa, sa mwen di; m jis frè nou. Men, se kisa Bondye pwouve nou, se sa kifè ke se Verite. Menm Kolòn Dife ke Li te itilize pou de lòt yo, Li mennen L nan mitan nou jodi a, epi Li pwouve L syantifikman. Kòm nou konnen, magazin Life la pale de Li mwa pase, lòt bò a. Kote...

267 Konbyen ki te isit la epi ki tandé m pale de sa, de sa ki te pase, anvan ke sa a fèt? M panse, apeprè tout moun nan legliz la.

268 Se konsa, yo pa konn kisa l ye; syantifik yo ap chache konnen. Tout sa yo ki te gon foto de Sa, te rele l: "Yon Nyaj, karant-de kilomèt de otè, an fòm piramid." Sèt Anj reprezante ladann, yo ramne Pawòl Bondye a epi yo ba ou li, sou enspirasyon. Li endike nou lè sa a kote nou ye, epi kote nap viv. Lespri espirityèl la pral sezi sa a kounye a, wè, epi lap konprann sa. Son egzòd. Nou pral pati, youn nan jou sa yo. Gras a Dye. Sonje.

Epi map fini, nan kèk minit. M rete dis minit.

269 Remake Kolòn Dife a ki te rele yo, kondwi yo vè tè pwomiz la, anba onksyon on pwofèt. On Kolòn Dife ke yo te ka wè, kondwi yo vè tè pwomiz la, pa on pwofèt wen. Epi yo rejte l san rete. Se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." -Ed.] Natirèlman.

270 Kounye a, m konnen nou dwe g on sèvis batèm. M gen apeprè sis paj an plis isi a, m panse. Men m pral kanpe kounye a, jis nan yon minit.

271 Gade sa. Apèl pou nou soti a lanse. Vwa anj lan di: "Sot nan Babilòn, pèp Mwen." Sot nan kisa? Konfizyon. Èske Metodis lan gen rezon, oswa Batis lan, oswa Katolik lan? "Soti la." Se Bondye k gen rezon. Kijan w fè konnen? "Ke pawòl tout òm yon manti, epi Pa M se Laverite. Soti de la." Kisa w konnen? Menm Kolòn Dife a, menm Lespri ki wenn lan, ap kondwi nan Peyi ki te pwomèt lan.

272 Remake, Sa te kondwi yo, te mennen yo soti, te kondwi yo nan tè ki te pwomèt la; Izrayèl, nasyon an.

273 E menm Bondye an, menm Kolòn Dife a! Ke sèl..."Yo di ke...ke kamera sa a..." Lè w te li George J. Lacy; pa mwenmenm, kounye a. Nou li kote George J. Lacy te egzamine foto sa a. Tèt F.B.I la, pou anprend ak dokiman, men deklarasyon li. "Kèk nan yo di: 'Se dè lantiy ki ekspose an doub.'" Dè dizèn de milye de moun te gade L, ak pwòp je yo. Nou te kanpe isi a epi nou te gade L. Nou te gade L. [Asanble di: "Amèn." —Editè a.] Se pa sa. "Yo di: 'Se t on ilizyon optik.'" Kisa Mesye Lacy te di? "Je mekanik kamera sa a pap pran sikoloji." En-en. Se pat okenn ilizyon optik. Li la a, menm Kolòn Dife an.

Alò yo di: "O, ebyen, se te ilizyon."

Alò ke yo tout te gen kamera a dè santèn de kilomèt de Tucson!

274 Si mwa anvan sa te rive, nou te di nou, pa Sentespri an, m ta prale lòt bò a pou m pran nouvèl yo. Paske, Ekriti piramid lan sou deyò a, jan frè a te gen rèv lan, epi m te entèprete l ban nou. Sa se tout entèpretasyon an. Kounye a, tout mistè jistifikasiyon yo, sanktififikasiyon, batèm Sentespri an, te fin eksplike. Kounye a nou ranmase bout ki pa klè yo nan sa a, ki te kache nan Sèt So yo, pa nan sèt legliz yo. Sèt So yo revele mistè yo. Epi apre Li ouvri bagay

sa a, pa anwo, epi l te jwenn yon Wòch anndan la a, blan, men ke yo pat janm ekri sou li. Se t on mistè.

275 M te ale Tucson; m te di l davans anvan l te rive. M te kanpe nan nò Tucson, gen temwen isit la ki te prezan, lè yon eksplozyon vini, ki te sekwe mòn yo sot nan tè a, prèske. Epi an menm tan, yon sèk Limyè ki te sispandi dan lèzè lòt bò a, lè lasyans te pran foto sa. "Karanteyen kilomèt nan wòtè," apeprè senk fwa distans bwouya ou nenpòt bagay ki te ka la a. E yo pa menm ka jwenn kisa k te fè l.

276 "Va gen Limyè nan tan aswè a. Chimen Laglwa n ap jwenn sètènman," si nou eli. Semans sa a tonbe sou tè ki sèch, sou wòch, li pap janm f anyen; kè di, an wòch ki vle endiferan. Men si L ap tonbe sou tè lafwa ki swa, dou, L ap pwodwi yon Kretyen, kap pote fwi Lespri an.

277 Remake kijan ke Bondye te fè sa. Kounye a Li gen menm Kolòn Dife sa a. Li konfime.

Yon moun di: "Poukisa w pa al pale ak syantifik sa yo de Sa?"

278 Nou panse yo t ap kwè L? "Pa jete pèl nou yo devan kochon." Jezi te di pa fè sa. M pa g okenn rezon pou fè sa, poutan m ap viv dwat nan vil lan la a kote yo t ap mande pou li. M te panse m t ap desann. Sentespri an te di: "Ret lwen. Se pa pou yo. Tounen epi di tabènak la sa." Trè byen.

279 "E sa va rive. Si sa yo di an rive, lè sa a, sonje, m te pale," Seyè a di: "ou wè, anvan sa rive." Men l rive. Koute Bib lan, Vwa Bondye an ap rele pou nou nan jou sa a.

280 Kounye a m vle nou remake. Menm Kolòn Dife a ap kondwi moun yo ankò nan yon Tè ki te pwomèt, Milenyòm lan. Kote, nou jwenn, anba enspirasyon Sizyèm So sa a, (sa pat janm anseye anvan), kòman tè a te dwe pirifye pou Milenyòm lan. Kolòn Dife a ap kondwi yo nan yon Milenyòm.

281 Epi remake Kolòn Dife a ki te kondwi Izrayèl sot nan esklavay, nan egzòd sa a; Kolòn Dife an, sou direksyon Bondye a...Bondye te Dife an, e Kolòn Dife an te sèlman wenn pwofèt la. Kolòn Dife an te dwe kanpe tankou yon temwen ki sot nan Syèl ke yo te rele Moyiz pou soti.

282 Sonje Dathan, lòt yo ki di: "Ebyen, nou ta dwe kòmanse yon òganizasyon. Moyiz, ou pran twòp sou tèt ou. Ou eseye di ke ou se sèl moun ki sen nan mitan nou. Tout asanble Seyè an sen. Kijan w ka pran sa sou tèt ou?"

283 Alò Moyiz te tonbe sou fas li epi te kòmanse ap kriye. Bondye te di: "Separe tèt ou avè I. M ap jis louvri tè a epi vale I ale." Tip. Kijan...Moyiz te di yo ke I tap di yo kisa Bondye te di, Bondye kap konfime ke Se Laverite.

284 Menm Miryam, pwofetès la limenm, ak Arawon, te griyen dan sou Moyiz, poutèt li te marye ak fi Etyopyèn sa a, ap pran plezi sou li. E Bondye te vin fache; yo te pale kont sèvitè L. Kisa L te fè? Li te rele yo nan antre pòtay tabènak la. Epi Miryam, poutan, li t on pwofetès. Men Moyiz te plis pase on pwofèt, plis pase on pwofèt. Li te di: "Èske n pa pè Bondye? Si g on pwofèt nan mitan nou, Mwen, Seyè an pral pale avè I nan vizyon, epi Map fè I konnen M nan rèv, men," Li di: "pa Moyiz." Li di: "Èske n pa pè Bondye?" Epi I—li te mouri a mwatye ak lalèp, menm moman sa a. Nou konn sa.

285 Èske L pat di: "Jan Batis. Èske n te soti al wè yon pwofèt? Wi, plis pase on pwofèt"? Poukisa? Poukisa I te plis pase on pwofèt? Li te mesaje Alyans lan, lach ki te relye de dispansasyon sa yo ansanm.

286 E jodi a,...kisa n gen nan mitan nou, gran Sentespri sa a, se plis pase on pwofèt. Se Bondye ki manifeste nan mitan nou, ak Pawòl Li pou pwouve sa. Fè plis pase on pwofèt, mil fwa plis pase sa pwofèt yo fè.

287 Eli, youn nan pi gran pwofèt nan laj lan, te sèlman fè kat bagay sinatirèl, nan tout vil de katreven kèk lane. E Elize, ak yon doub pòsyon, te fè uit.

288 E nou wè dè milye de milye, ak pwòp je pa nou, nou wè Anj Seyè a, nan yon Kolòn Dife. Rechèch syantifik, pran I pot bay mond lan, yo konnen ke yo pral jije yo pa Sa. Kisa Ayo sa a te fè, Anj Seyè sa a, ki te Kris? Nou kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

289 Sen Jan 6. Yo tout tap bwè dlo sa a, e te g on bon moman epi tap rejwi. Li te di: "M se Pen Lavi an ki sot nan Bondye sot nan Syèl. M se Wòch sa a ki te nan dezè an."

290 Yo te di: "Kounye a nou konnen Ou fou. Ou—Ou fou. Ou, Ou g on dyab sou Ou. Ou s on Nonm fou, ak on dyab." Nou konnen, moun yo ki gon lespri sou yo, pafwa yo vin trè aktif, relije. Yo te di: "Ou se—Ou s on dyab. Ou g on dyab sou Ou. Ou s on Samariten, epi W g on dyab sou Ou." Te di: "E isi a, Ou pa menm gen plis pase senkant an, epi Ou di Ou 'te wè Abraham'?"

291 M ka wè L mache fè kèk pa dèyè. Li te di: "SA M YE A SE SA M YE. Anvan Abraham te ye, MWEN YE." Sa a se t on Dife kap boule, Kolòn Dife sa a nan touf bwa an.

292 Lè L te mouri, epi te resisite nan twazyèm jou an, epi Sòl te rankontre L sou wout anba a, Li te tounen Kolòn Dife sa a. Te di: "M sot nan Bondye, e M al jwenn Bondye."

293 Lè Pyè te nan prizon, Kolòn Dife sa a antre, te louvri pòt yo epi te mete l deyò. Se vre.

Ki kote Kolòn Dife sa a te kondwi yo?

294 Kounye a, sonje Moyiz pat Kolòn Dife an. Li te lidè ki te wenn lan, anba Kolòn Dife sa a, e Kolòn Dife an te sèlman konfime Mesaj li ak siy ak bèl mèvèy.

295 Epi Kolòn Dife sa a te kondwi yo nan peyi ke Bondye te pwomèt yo a, kote Li, Limenm, tap fèt chè nan mitan yo, yon jou. Se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Kisa yo te fè? Yo te plenyen epi te ajite kò yo, ak tout lòt bagay, pou montre sa te anba san yon ayo òdinè.

296 Men fwa sa a (glwa pou Bondye), Kolòn ke n wè nan mitan nou an, Kolòn Dife a ap kondwi nou nan Milenyòm lan, kote L ap retounen al jwenn pèp Li nan rèy gran Milenyòm sa a apre egzòd sa a, kote n ap viv Etènèlman avè L. Li toujou gen Pawòl Papa an, toujou pwouve ke Se vre.

297 Nou nan yon egzòd. Epi n ap kite, epi fini ak band yo nan on moman. O, zanmi m yo, frè m yo, ki alafwa preznan e ki pral tandem band yo, kite m...antan ke frè nou ak sitwayen Wayòm Bondye a. Soti ale, nan egzòd sa a, paske tout sa yo ki va rete dèyè pral pran mak bêt la. Soti nan Babilòn. Soti nan konfizyon sa a. Soti nan sistèm sa yo, epi sèvi Bondye vivan an. Kite...

298 Gran Anj Alyans sa a! "Jezikri, nan fòm Bondye, pat vòlè sa, pou te vin egal ak Bondye." Kounye a Li s on Kolòn Dife, nan menm fòm Li te ye anvan la a, ap pote premye egzòd sa a, ap pote dezyèm egzòd la, e men L isi a ak twazyèm egzòd lan.

299 Premye egzòd lan, kisa L te fè? Li te fè yo soti nan yon peyi natirèl, pou al nan yon peyi natirèl.

300 Dezyèm egzòd la, Li te fè yo soti nan yon kondisyon espirityèl, antre nan yon batèm espirityèl Sentespri a.

301 Kounye a L ap fè yo soti nan batèm espirityèl Sentespri a, dwat tounen nan Peyi Etènèl Milenyòm lan ak gran Vi k ap vini an. Menm Kolòn Dife, ak menm sistèm onksyon an, menm Bondye an k ap fè menm bagay yo! E menm Pawòl la, ki te deklare premye a, te deklare dezyèm lan. Menm Pawòl la, ki te deklare dezyèm lan, deklare twazyèm lan, epi men nou wè L isi a nan mitan nou.

302 Soti. O! Soti nan dezòd sa a. Vin jwenn Bondye vivan an. Vin jwenn Pawòl la. "E Pawòl la te fè L chè e te rete nan mitan nou." E kounye a Li nan chè nou, ap ret nan mitan nou. Soti epi sèvi Bondye vivan an.

303 Pandan nou koube tèt nou. [Yon Frè pale nan yon lòt lang. Yon lòt frè bay yon entèpretasyon—Editè a.]

304 Ak tèt nou bese. Nan fon nanm nou, nan fon tout sa k nan nou, èske nou vle sonje pou... Nou pare pou n sispann tout bagay mond lan, epi viv pou Bondye? Kounye a, si nou pa panse sa, piga nou fè l. Men si n panse sa, ak tout kè nou, ke kounye a nou gen konviksyon. Jan Jezi te di a, nan fen ministè L la: "Kounye a èske n kwè?" Èske n gen konviksyon ke bagay sa yo vrè, ke Bondye konfime, e ke nou nan tan lafen an, e nou vrèman vle vin jwenn Kris kounye a? Vini nan egzòd sa a, ap soti nan endiferans, denominationalis, lide ak bagay mond lan. E nou vle soumèt nou ak tout kè nou ba Li epi soti nan egzòd sa a, pou Peyi beni ki pwomèt la, èske n vle leve men nou pandan n ap priye? Èske n vrèman sèten ke n vle soti, tout moun?

305 Papa ki nan Syèl la, sila yo ki gen men yo anlè, kite yo soti kounye a, Seyè. Kite Sentespri a, sou pwomès Pawòl lan, kite Sentespri a deplase antre nan kè yo. Nan asanble nou an, te gen apeprè ven men, m sipoze, Papa, ki satisfè epi konnen ke se—ke se verite, e yo vle soti. Si te gen...

306 Nan epòk soti Izrayèl la, nan de milyon edmi moun, sèlman de te rive nan peyi an.

307 Nan epòk Jezikri a, te gen apeprè san ven ki te fè l.

308 E kounye a, nan epòk fini mond lan, Ou te di: "Pòt ki jis la, ak chimen ki difisil la, pap gen anpil moun ki jwenn li. Men wout ki mennen nan destrikson an laj, e gen anpil moun kap antre ladann." Pawòl sa yo pa ka fayi. Yo se pa W.

309 Kounye a m priye pou yo, Seyè. M priye ke W ap, sikonsi kè yo, nan lè sa a, pa Sentespri W lan. Retire tout bagay mond lan. Sikonsi zòrèy yo, pou yo ka tandé Vwa Bondye an klè, kap rele, nan Pawòl Li ak nan Limyè jou an. E akòde, Seyè, ke je yo va louvri, konsa yo ka wè glwa Bondye a nan dènye lè kap fenmen sa a. Ou te di: "Tout sa ke Papa a te ban Mwen ap vini, e M ap leve yo nan dènye jou an."

310 Seyè, petèt g anpil isi a ki poko menm konprann. M priye ke W va jere yo, e W va kite yo g on lòt okazyon, Seyè, konsa yo ta kapab konprann, pou tandem W kap pale nan Pawòl Ou, ap pwouve Tèt Ou; e apresa pale avè nou nan vwa sinatirèl la, epi ak on entèpretasyon; pou wè gran Zèv Ou yo kap pwouve Se vre, selon Bib la. M priye, Bondye, ke W va padone peche nou yo, kounye a, e antan m ap lonje kò m sou Pawòl sa a.

311 Bondye, m ap panse ke, jis on semèn de sa, m—m te lonje kò m sou on nonm ki mouri atè a isi a. M te wè gran Sentespri a ki mennen I tounen an vi. Je l te vire dèyè nan dèyè tèt

li, lonje, mouri. Jis kèk ti pawòl pou ap envoke Non W, m te wè I viv. Men I isi a jodi a, vivan, ankò. Seyè, Ou se menm Bondye a, ki, lè Pòl te lonje tèt li sou ti gason sa a, t ap koute I kap preche tèlman lontan, mesye sa a ki te tonbe sot nan fenèt la. Ou se menm Bondye a ki ka restore lavi. Nou di W mèsi, Papa. Ke...Enkwayan an ka pa kwè. Men nou kwè, Seyè. Ou te pwouve Tèt Ou ban nou.

312 Kounye a kite meditasyon kè mwen, ak panse lespri m yo, fòs mwen ak tout, yo fonn nan Pawòl sa a. Epi kite Pawòl la avè m, ansanm, ak moun yo, Seyè, mache nan direksyon Wayòm Bondye a. Akòde I, Seyè. Padone peche nou yo. Geri maladi nou, epi fè nou se dè sijè pou Wayòm Ou.

313 E kounye a, antan sila yo ap vini, Seyè, epi pisin lan ap louvri, dlo an pare, epi batèm lan pral kòmanse nan kèk minit, nou sonje lè menm Levanjil sa a te preche, Bib lan te di: "Otan moun ki te kwè te batize."

314 Men mouchwa yo lonje isi a, Seyè, ke m beni nan Non Jezikri, pou gerizon malad yo. Alò lè...

315 Sèvis nou yo long, yo dire, paske lè a fè ta. Nou dwe mete Pawòl lan pandan g on teren pou mete L, paske ivè frèt la ap vini. Nou wè I. Fèy yo ap tonbe, e nou konnen ke ivè sa a toupre rive. Nou dwe grate sifas la epi antere Semans lan. Kidonk, m priye, Papa ki nan Syèl, ke W va pale ak chak kè.

316 E Bib lan te di: "Otan kantite moun ki te kwè te batize." E, Seyè, si genyen kounye a anpil isi a ki te kwè, e ki potko jamn batize nan Non Pitit byenneme W lan, Jezi, ke yo vini maten an, nan dousè ak imilite, epi konfese peche yo, epi mouri pou bagay mond lan; pou yo antere, pou pran Non Jezikri an; pou viv selon Bondye, nan vi apre a, pa èd Sentespri a. Nou remèt yo ba Ou kounye a, Seyè, nan bi sa a, nan Non Jezikri. Amèn.

317 Kounye a nou vire sèvis la bay Frè Neville, e kèlkeswa sa I gen pou di, pandan y ap pare pou sèvis batèm.

318 E aswè a, a setè edmi, si Seyè a vle, m vle anrejistre lòt Mesaj sa a sou band. Bondye beni nou jouk lè sa a.